НэщІикІыж Хьид махуэ лъапІэмкІэ дынывохъуэхъу!

ФИФ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТА ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№127 (23.285) ● 2016 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 5, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КІУЭКІУЭ Юрий: Дунейм и къэхъукъащІэм и лъэужьхэр гъэкІуэдыжыныр псоми ди зэхуэдэ къалэнщ

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щригъэкІуэкІащ къызэрымыкІуэ щытыкІэхэм ялэщІэтыныгъэ, абыхэм я лъэужьхэр гъэзэкІуэжьынымрэ мафІэс шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыныгъэ мкІэ республикэ комиссэм хэтхэм я зэІущІэ зыубгъуа.

АБЫ ЩЫХЭПЛЪАЩ Къэбэрдей-Балъкъэрым и муниципальнэ щІыналъэ щхьэхуэхэм зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр зэрыщекІуэкІымрэ инфраструктурэм и псэуалъэхэм ягъуэта хэщІыныгъэхэр зэрагъэзэкІуэжымрэ.

Аруан, Шэджэм, Дзэлыкъуэ, Бахъсэн, Шэрэдж щІыналъэхэм, республикэм и щыхъэрым дунейм и къэхъукъащІэр нэхъыбэу ялъэІэсащ. Уэлбанэ кІыхьым и зэранкІэ Налшык псыр кІуиащ, нэпкъ гъэбыдахэр щІилъэсыкІащ, 2-нэ Тамань Дивизэм и цІэр зезыхьэ уэрамым и бжьэпэм щыщ Іыхьэ гуихащ. Коммунальнэ Іуэхущ1ІэІэ псори икІащІыпІэкІэ щыпІэщ щыэзщІагъэуІуащ, техникэ 22-рэ лэжьыгъэм ирагъэвэлІащ. Бадзэуэгъуэм и 3-м сыхьэт 22-м ирихьэлІэу нэпкъым декІуэкІ Іыхьэр зэтрагъэувжащ.

- Дызыхуэсакъыпхъэ щІыпІэхэр дунейм и къэхъукъащІэм дигъэлъагъужащ. Иужьрей илъэсхэм абы зэрызихъуэжым хуэфащэ дерсхэр къыхэтхын, ар нэхъ зыхуэлъэ щІыпІэхэм я тІэсхъапІэхэр лъэныкъуэ псори къызэщІиубыдэу къэтхутэн, ухуэныгъэ материалхэр зэрыдгъэтІылъынум, техникэ хэхахэм къаззрыхэдгъэхъэнум теухуа республикэ план дгъэхьэзырын хуейщ. Апхуэдэ щІыкІэкІащ дунейм и къэхъукъащІэм дыззрипэщІэтысфынур, - къигъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм.

ЩІыналъэ унафэщІхэм къалэн ящищІащ аварийнэ, къегъэлакІуэ Іэнатіэ псори хьэзыру щагъэтыну, къызэрымыкІуэ щытыкІэм и лъэужьхэр пІалъэ кІэщІкІэ ягъэзэкІуэжьыну, хэщІыныгъэхэр зыхуэдэр зыхуэфащэ муниципальнэ комиссэхэм къалъытэну.

Гуэлхэм, псыежэххэм, зыгъэпсэхупІэ щІыпІэхэм пэгъунэгъу лагерхэм сабийхэм я шынагъуэншагъэр къызэрыщызэрагъэпэщым гулъытэ хэха хуищІащ. Булунгу къуажэм къыщыхъуа насыпыншагъэм - Адыгейм, Ставрополь, Краснодар крайхэм щыщ цІыхуищ бадзэуэгъуэм и 3-м Шэджэм псым зэрыхэкІуэдам и гугъу щищІым, КІуэкІуэ Юрий къыхигъэщащ зыплъыхьакІуэ къакІуэ турист гупхэр зэратх, учёт зэращІ щІыкІэр ягъэтКІиин, псым зэресых гъуэгум къегъэлакІуэ пост щхьэхуэхэр щагъэувын зэрыхуейр. Республикэм и Правительствэм пщэрылъ щищІащ абы теухуа Іуэхугъуэхэр игъэхьэзыру къыкІэлъыкІуэ и зэІущІэм щыхэплъэну.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1ІэмІэ.

ГИБДД-р къыззрыззрагъэпэщрэ илъэс 80 зэрырикъум папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий и къуэхъу

Гъуэгум шынагъуэншэу щызекІуэныгъэ-кІэ къэрал инспекцэм и лэжьакІуэ пщІэ зыхуэсщІхэ!

Си гум къыбгъэдэкІыу сынывохъуэхъу фи Іэщ1ІагъэмІ и гуфІэгъуэмкІэ икІи Гъуэгум шынагъуэншэу щызекІуэныгъэ-кІэ къэрал инспекцэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 80 зэрырикъумкІэ!

Республикэм и гъуэгухэм шынагъуэншагъэр къыщыщзэгъэпэщыныгъэ-кІэ евгъэкІуэкІ лэжьыгъэр хабзэр хъумэным ехьэлІа Іэнатіэм нэхъ жэуапльныгъэ ин дыдэ икІи мыхьэнэшхуэ зиІэ и унэтІныныгъэхэм ящыщщ. ЦІыхуэ минхэм я гъащІэмрэ узыншагъэмрэ къэдкІэ елъытащ фи лэжьыгъэм и Іэнатіэ псоми сэбэн пылъу, псынщІэу икІи зэщІэгъэуІуаУ зыззэфІагъэкІхэм.

Нобэ гъуэгуэм щызекІуэ транспортым хэхъуэми, КЪБР-мкІэ МВД-м и ГИБДД-м и лэжьакІуэхэм ехьэлІэныгъэ хэлъу зэфІах бэлытІэІуэхэм я бжыгъэр гъэмэщІэным теухуа къалэн инхэр. Си фІэщ мэхъу зэгъусэу едгъэкІуэкІ лэжьыгъэм и фІыгъэкІэ транспортыр зезыгъакІуэхэмрэ лъэсырыкІуэхэмрэ хабзэр зэрагъэзащІэр къызэрытІэтыфынур, гъуэгуэм къыщыхъу къэхъукъащІэхэм я бжыгъэр куэдкІэ зэрытхуэгъэмэщІэнур.

Гъуэгум шынагъуэншэу щызекІуэныгъэ-кІэ Къэрал инспекцэм и лэжьакІуэ псоми, Іэнатіэм и ветеранхэми узыншагъэ быдэ, екъулІныгъэ, фІыгъуэ яІэну си гуапэщ.

Гъуэгумрэ цІыхумрэ

● Махуэшхуэ пшыхь

Урысей МВД-м Гъуэгуэм шынагъуэншэу щызекІуэным кІэлъыплъ и Къэрал инспекцэр (ГИБДД) къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 80 зэрырикъум теухуа гуфІэгъуэ пшыхь щекІуэкІащ Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапІэм.

ГЪУЭГУХЭМ тетхэм я шынагъуэншагъэр жащ, махуэ ямыІэу къызэзыгъэпэщхэм я махуэшхуэмкІэ ехьэхъуну зэІущІэм кърихьэлІат КЪБР-м и Правительствэм, Жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, республикэм и хабзэхъумэ Іэнатіэхэм я лІыкІуэхэр. Зэхыхьэр щекІуэкІ пэшым щызэхуэсат къулыкъум и ветеранхэр, лэжьакІуэхэр, я къалэн зыгъэзащІэу хэкІуэдахэм я Іыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ.

Пшыхьым и пэщІэдзэм къызэхуэсахэр еплъащ, ГИБДД-м и лэжьыгъэм теухуа документальнэ фильм, илъэс 20 и пэкІэ трахам.

Зэхыхьэр езыгъэкІуэкІ Чып Марьянэрэ Аттаев Азнорр зэІущІэр къызэІуахри, утыкум кърагъэблэгъащ къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министру КЪБР-м щыІэ полицэм и генерал-лейтенант **Ромашкин Игорь**.

- МВД-м и унафэщІхэм къабгъэдэкІыу, си щхьэкІи сынывохъуэхъу ГИБДД-м и ветеранхэмрэ лэжьакІуэхэмрэ. Иджыпсту дызэплъа роликым зэрыщыжаІащи, ди лэжьыгъэм шынагъуэрэ гугъуехьу пылъыр псом ялэу зыжьэхуэр жащ, махуэ ямыІэу кІуныкъум пэрыт ГИБДД-мрэ ППСмрэ я лэжьакІуэхэрщ. Гъуэгум шынагъуэншэу щызекІуэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр инспекцэм и пщІэр зыІэта Іэнатіэр зэтеувэным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІа ветеранхэм щхьэхуэу фІыщІэ фхуэсщІ. Ахэр иджыпстуи - Хэкумрэ я къалэнымрэ хуэпэжщ, къулыкъур езыхьэкІхэм я дежкІэ щапхъэщ.

Тэмэму фызэрылажьэм и фІыгъэкІэ 2016 гъэм гъуэгухэм къыщыхъуа гузэвэгъуэхэм хэкІуадэм я бжыгъэр процент 25-м щІигъэкІэ нэхъ мащІэ хъуащ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, я къалэнхэр ягъэзащІэу хэкІуадэхэри щыІэщ. Республикэм и цІыхухэм я шынагъуэншагъэр яхъумэу ГИБДД-м и лэжьакІуэ 44-м я псэр ятащ. КЪБР-м и къуэ щыпкъэхэр дэ зэи тщыгъупщэнкъым. Си фІэщ мэхъу фи пщэ дэлъ къалэнхэр фэ дяпэкІи щІыхь пылъу зэрыбгъэзэщІэнур, гъуэгуэм шынагъуэншэу щызекІуэныр къызэрызэвгъэпэщынур. Си гум къыбгъэдэкІыу сывохъуэхъу фи махуэмкІэ, псоми ехьэлІэныгъэ фиІэну си гуапэщ, - жиІащ министрым.

Ромашкин Игорь Къэрал автоинспекцэм и лэжьакІуэ къыхэжаныкІахэм, ветеранхэм егупащ. Урысей МВД-м, КЪБРмкІэ МВД-м къабгъэдэкІ юбилей медалхэр, бгъэхэлу дамыгъэхэр, ЩІыхь, фІыщІэ тхылъхэр яритащ. Абыхэм яхэтщ УГИБДД-м жыджэру ядэлажьэ журналистхэри.

КъыкІэлъыкІуэу КЪБР-мкІэ МВД-м и УГИБДД-м и унафэщІ Бэджыдэ Юрэ махуэшхуэр зыгъэлъапІэ я лэжьакІуэхэм ехьэхъуащ Урысей МВД-м и унафэщІхэм къабгъэдэкІуэ. Ар езыр хэтат ГИБДД-м и лэжьакІуэхэм папщІэ Москва щрагъэкІуэкІа пшыхьым.

Республикэм и Іэтащхьэм, Правительствэм къабгъэдэкІуэ зи махуэшхуэр зыгъэлъапІэхэм ехьэхъуащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и ялэ къуэдзэ **Дадэ МуІэед**. Правительствэм и ЩІыхь, ФІыщІэ тхылъхэр инспектор нэхъыфІхэм яритащ.

Урысей ФСИН-м и Іуэхущ1апІэу КЪБР-м щыІэм, республикэ прокуратурэм, Налшык къалэ администрацэм, нэгъуэщІ Іуэхущ1апІэхэм я лІыкІуэхэм махуэшхуэр зыгъэлъапІэхэм хъуэхъуэхмкІэ зыхуагъэзащ. Абыхэм я Іэнатіэхэм къабгъэдэкІ фІыщІэ, щІыхь тхылъхэр зи къалэнхэр хьэлэлу езыхьэкІ лэжьакІуэ нэхъыфІхэм ирагащ.

Пшыхьыр ягъэдэхащ уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэхэу Тхьэгъэлэдж Светланэ, Текуев Амур, Нэхущ Чэрим, Быщтэ Азэмэт сымэ, сабий ансамблхэм. Я къалэным щцІэрытым деж я нэгум ткІиягъ иплъагъуэми, ГИБДД-м и лэжьакІуэхэм гушыІэ зэрахэлъыр махуэшхуэ пшыхьым щагъэлъэгъуащ. ГАИ-м иджы иІэщ КВН. «Пристёгнутый отдел» зыфІаща командэм гъащІэм узыщрихьэлІэ Іуэхухэм теухуа гушыІэхэр, теплъэгъуэхэр ягъэлъэгъуащ. Пшыхьыр зэхущІыжащ ГИБДД-м и лэжьакІуэхэм ягъэзэщІа «ДПС» уэрэдымкІэ.

УАРДЭ Жансурэт.

Сурэтхэр **Елькъэн Артур** *трихащ.*

КІУЭКІУЭ Юрий: Дунейм и къэхъукъащІэм и лъэужьхэр гъэкІуэдыжыныр псоми ди зэхуэдэ къалэнщ

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щригъэкІуэкІащ къызэрымыкІуэ щытыкІэхэм ялэщІэтынымкІэ, абыхэм я лъэужьхэр гъэзэкІуэжьынымрэ мафІэс шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыныгъэмкІэ республикэ комиссэм хэтхэм я зэІущІэ зыубгъуа.

АБЫ ЩЫХЭПЛЪАЩ Къэбэрдей-Балъкъэрым и муниципальнэ щІыналъэ щхьэхуэхэм зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр зэрыщекІуэкІымрэ инфраструктурэм и псэуалъэхэм ягъуэта хэщІыныгъэхэр зэрагъэзэкІуэжымрэ.

Аруан, Шэджэм, Дзэлыкъуэ, Бахъсэн, Шэрэдж щІыналъэхэм, республикэм и щыхъэрым дунейм и къэхъукъащІэр нэхъыбэу ялъэІэсащ. Уэлбанэ кІыхьым и зэранкІэ Налшык псыр кІуиащ, нэпкъ гъэбыдахэр щІилъэсыкІащ, 2-нэ Тамань Дивизэм и цІэр зезыхьэ уэрамым и бжьэпэм щыщ Іыхьэ гуихащ. Коммунальнэ Іуэхущ1ІэІэ псори икІащІыпІэкІэ щыпІэщ щызэщІагъэуІуащ, техникэ 22-рэ лэжьыгъэм ирагъэвэлІащ. Бадзэуэгъуэм и 3-м сыхьэт 22-м ирихьэлІэу нэпкъым декІуэкІ Іыхьэр зэтрагъэувжащ.

- Дызыхуэсакъыпхъэ щІыпІэхэр дунейм и къэхъукъащІэм дигъэлъагъужащ. Иужьрей илъэсхэм абы зэрызихъуэжым хуэфащэ дерсхэр къыхэтхын, ар нэхъ зыхуэлъэ щІыпІэхэм я тІэсхъапІэхэр лъэныкъуэ псори къызэщІиубыдэу къэтхутэн, ухуэныгъэ материалхэр зэрыдгъэтІылъынум, техникэ хэхахэм къаззрыхэдгъэхъэнум теухуа республикэ план дгъэхьэзырын хуейщ. Апхуэдэ щІыкІэкІащ дунейм и къэхъукъащІэм дыззрипэщІэтысфынур, - къигъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм.

ЩІыналъэ унафэщІхэм къалэн ящищІащ аварийнэ, къегъэлакІуэ Іэнатіэ псори хьэзыру щагъэтыну, къызэрымыкІуэ щытыкІэм и лъэужьхэр пІалъэ кІэщІкІэ ягъэзэкІуэжьыну, хэщІыныгъэхэр зыхуэдэр зыхуэфащэ муниципальнэ комиссэхэм къалъытэну.

Гуэлхэм, псыежэххэм, зыгъэпсэхупІэ щІыпІэхэм пэгъунэгъу лагерхэм сабийхэм я шынагъуэншагъэр къызэрыщызэрагъэпэщым гулъытэ хэха хуищІащ. Булунгу къуажэм къыщыхъуа насыпыншагъэм - Адыгейм, Ставрополь, Краснодар крайхэм щыщ цІыхуищ бадзэуэгъуэм и 3-м Шэджэм псым зэрыхэкІуэдам и гугъу щищІым, КІуэкІуэ Юрий къыхигъэщащ зыплъыхьакІуэ къакІуэ турист гупхэр зэратх, учёт зэращІ щІыкІэр ягъэтКІиин, псым зэресых гъуэгум къегъэлакІуэ пост щхьэхуэхэр щагъэувын зэрыхуейр. Республикэм и Правительствэм пщэрылъ щищІащ абы теухуа Іуэхугъуэхэр игъэхьэзыру къыкІэлъыкІуэ и зэІущІэм щыхэплъэну.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1ІэмІэ.

ЩІыхуэхэр нэхъ тыншу къыхэхыжыным тращІыхь

Правительствам и Унэм дыгъуасэ щызэІущІащ КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрийрэ «Газпром межрегионгаз» ООО-м и унафэщІым и къуэдзэ Боткин Игоррэ.

ЛЪЭНЫКЪУЭХЭР тепсэлъыхьащ газ комплексым республикэм зыщегъэужьыным Іэнатіэм нэхъ жыджэру щызэдэлэжьэныкІэ щыІэ Іэмалхэм.

Нэхъ жыджэру зэдэлажьэн мурадкІэ, апхуэдэуи газыр къэзыгъэсэбэпахэм ятелъ щІыхуэхэр къыхэхыжыныкІэ щыІэ зэхъуэкІыныгъэфІхэр къалъытэу республикэм проектыщІэ щыхэпщэным теухуа унафэ «Газпром» ПАО-м и Іэтащхьэхэм къызэращтар къыхигъэщащ Боткин Игорь. Абы ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэрагъэпэщащ газыр къэзыгъэсэбэпхэм яхуэзыІутПыщыну хуит Іэнатіэщ1э - «Газпром межрегионгаз Нальчик» жыхуиІэр. А Іуэхущ1апІэм и унафэщІу ягъэуващ Анастасов Владимир.

ЗэІущІэм хэтащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Мусуков А. Т1., «Газпром межрегионгаз» ООО-м и лэжьакІуэхэм пыщІэныгъэ яхуиІэныкІэ Управленэм и унафэщІ Ромашов Р. А., «Газпром межрегионгаз Пятигорск» ООО-м и Іэтащхьэ Калинкин О. Г. сымэ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1ІэмІэ.

● Депутат Іуэхуэхэр

Кривко Михаил хэхакІуэхэм яІуощІэ

КЪБР-м и Парламентым и етхуанэ хэхыгъуэм и депутат Кривко Михаил иджыблагъэ Прохладнэ къалэм щахуэзащ хэхакІуэхэм ящыщу зи щхьэ Іуэхукіэ къекІуэлІахэм.

АБЫХЭМ я лъэІуэр нэхъыбэу зытеухуауэ щытар лэжьапІэ къагъуэтыныкІэ ядэІэпыкъунрэ, хуэмыщІауэ псэу унагъуэхэм защІэгъэкъуэныкъ, транспорт Іуэхурэ. Депутатыр зыкъыхэзыІэзэахэм я тхыгъэхэм гулъытэшхуэ хэпльащ.

А махуэм екІуэкІа зэІущІэм кърихьэлІахэм ящыщ язныкъуэхэм зыхуеину юридическэ дэІэпыкъуныгъэ ираташ, язныкъуэ Іуэхухэмк занщІэу унафэ пыухьыкІахэр тращІыхьащ. Нэхъ куууэ зыхэпІапхъэ икІи нэхъ зэманыншхуэ зытекІуэдэну къалъытА лъэІуэхэр гъэзэщІа зэрыхъур Кривко Михаил и нэІэм щІэтынущ.

ЛЪЭПЩ Бэллэ.

НэщІикІыж махуэшхуэм ирихьэлІэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. цІыхухэм зэрызахуигъэзар

Республикэм ис мусЛъымэн псоми НэщІикІыж, Хьид махуэшхуэмкІэ си гуапэу сохъуэхъу.

МУСЛЪЫМЭНХЭМ я дежкІэ ар махуэшхуэ нэхъ лъапІэхэм ящыщ зыщ, и гуэныхьхэр ипшыныжыным, гуапагъэмрэ гущІэгъуэрэ хуэзыунэтІщ. Ислъам диным къиблъэуе хабзэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и мусЛъымэн зэгухьэныгъэхэм хэтхэм нэсу ягъэзащІэ. Шэч къытесхьэркъым, республикэм и мусЛъымэнхэм дяпэкІи лъэпкъым и псэкупсэ къулеигъэм зэрыхагъэхъуэнум, нэгъуэщІ дин зэмылІэужьыгъуэхэм итхэми хуаІэ зэхущытыкІэхэм зэрызрагъэужьынум, яку дэлъ зэпыщІэныгъэмрэ зэгурыІуэныгъэмрэ зэрагъэбыдэным.

МусЛъымэнхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и псоми мамырыгъэ, фІыгъуэ, ефІэкІуэныгъэ яІэну сохъуэхъу. Хьид махуэшхуэм дэтхэнэ зыми пщэдейрей махуэмкІэ фІэщхъуныгъэ къытхилъхьэну, дигухэм хуабагъэ, гуфІэгъуэ, гуапагъэ къыщигъэушыну дыщогугъ.

Унагъуэ насып, узыншагъэ быдэ фиІэну!

ПщІэ зыхуэщІ ди хэкуэгъуэх!

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Гъэзэщ1акІуэ гупым и цІэкІэ, си щхьэкІэ сэ къызбгъэдэкІыу НэщІикІыж махуэ лъапІэмкІэ адыгэхэм псоми си гуапэу сывохъуэхъу.

Гугъапіэ, унагъуэ насып, узыншагъэ быдэ фиІэну, фи унагъуэхэм мамырыгъэ, зэгурыІуэныгъэ, ефІэкІуэныгъэ ильыну Тхьэм жиІэ!

ПщІэ къыфхуэзыщІ,
Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ
СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий.

ЛІэщІыгъуэ ипэкІэ Ислъэмей щауха мэжджыт

Бахъсэн щІыналъэм хьэкІ Ислъэмей щауэжм дэтщ илъэси 106-рэ зи ныбжь мэжджыт. КЪБР-м и Муслъымэнхэм я Іуэхущ1апІэм и унафэщІым и къуэдзэ Сыжажэ Алим зэрыжиІамкІэ, ялэ дыдэу къыззрежьам хуэдэу къыззтенэжауэ республикэм ит тхьэлъэІуупІэ нэхъыжь дыдэхэм ар ящыщщ.

ИСЛЪЭМЕЙ дэт мэжджытыр 1910 гъэм иуухауэ щытащ а къуажэм дэс Бещтокъуэ Іэсхьэд. Илъэсищ дэкІри, абы ялэ нэмэзыр щащІащ. Диным екъэлІа мы ухуэныгъэр зэфІэгъэкІа хъуащ Киев къраша проектым тету икІи абы къыхэхІыу иджырей мэжджытхэм ар зэрещхь щыІэтэкъым, уеблэмэ чристэн члисхэм нэхъ хуэкІуэрт. Зэман дэкІри, азэн джапІэ щхьэщагъэуващ и пщІантІэр нэхъ ин ящІащ.

Ислъэмейдэс, социальнэ къыщхьэщыжыныгъэмкІэ республикэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Къаздэхъу Олег зэрыжиІэжьымкІэ, дин Іуэхущ1апІэхэр щыэтракъутау щьта совет властым и лъэхъэнэм мэжджытыр телъыджэу къыІэтенащ.

ЛІэщІыгъуэм щІигъу зи ныбжь мэжджытым нэщІ мазэ лъапІэм цІыху куэд къекІуэлІащ.

АБАЗЭ Лерэ.

Пщ1эншэу мэлажьэ

НэщІикІыж хьидым и махуэм и щІыхькІэ республикэм щыпсэухэмрэ и хьэщІэхэмрэ папщІэ Налшык дэт зоопаркыр бадзэуэгъуэм и 5-м пщІэншэу лэжьэнущ.

ГъуэгумрэцІыхумрэ

● Махуэшхуэ пшыхь

Дадэ МуІэед и псалъэ.

Генерал-лейтенант Ромашкин Игорь и къуэхъу.

вительствэм и Унафэщ1ым и ялэ къуэдзэ **Дадэ МуІэед**. Правительствэм и ЩІыхь, ФІыщІэ тхылъхэр инспектор нэхъыфІхэм яритащ.

Урысей ФСИН-м и Іуэхущ1апІэу КЪБР-м щыІэм, республикэ прокуратурэм, Налшык къалэ администрацэм, нэгъуэщІ Іуэхущ1апІэхэм я лІыкІуэхэм махуэшхуэр зыгъэлъапІэхэм хъуэхъуэхмкІэ зыхуагъэзащ. Абыхэм я Іэнатіэхэм къабгъэдэкІ фІыщІэ, щІыхь тхылъхэр зи къалэнхэр хьэлэлу езыхьэкІ лэжьакІуэ нэхъыфІхэм ирагащ.

Пшыхьыр ягъэдэхащ уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэхэу Тхьэгъэлэдж Светланэ, Текуев Амур, Нэхущ Чэрим, Быщтэ Азэмэт сымэ, сабий ансамблхэм. Я къалэным щцІэрытым деж я нэгум ткІиягъ иплъагъуэми, ГИБДД-м и лэжьакІуэхэм гушыІэ зэрахэлъыр махуэшхуэ пшыхьым щагъэлъэгъуащ. ГАИ-м иджы иІэщ КВН. «Пристёгнутый отдел» зыфІаща командэм гъащІэм узыщрихьэлІэ Іуэхухэм теухуа гушыІэхэр, теплъэгъуэхэр ягъэлъэгъуащ. Пшыхьыр зэхущІыжащ ГИБДД-м и лэжьакІуэхэм ягъэзэщІа «ДПС» уэрэдымкІэ.

УАРДЭ Жансурэт.

Сурэтхэр **Елькъэн Артур** *трихащ.*

Псыхъурей щыщ Щомахуэ Хуржан

● Жьыщхьэ махуэ

Бахъсэн районым и щІыпІэ администрацэм и унафэщІхэм я мурадщ бадзэуэгъуэм илъэс бжыгъэ дахэ зыгъэлъапІэ къуажэдэс нэхъыжьу 20-м ехьуэхъуну икІи УФ-м и Президент Путин Владимир къыбгъэдэкІ хъуэхъу тхылъхэр Іэрагъэхьэжыну.

АБЫ теухуауэ къащта унафэм ипкъ иткІэ, щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ Къэнэмэт Рустам зи пашэ лІыкІуэ гуп щыІащ Псыхъурей къуажэм щыпсэу, зи ныбжьыр илъэси 100 ирикъуэ Щомахуэ Хуржан Хьэжпагуэ и пхъум деж.

Ахэр Хуржан къыхуеджащ УФ-м и Президент Путин Владимирэ КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрийрэ зэрызыхуагъаэз тхыгъэм, щІыпІэ администрацэм къыбгъэдэкІ псалъэ гуапэхэр нанэ жьыщхьэ махуэм жраІащ икІи и узыншагъэмрэ жьыджэрагъымрэ кІэрымыхуу псэуну ехьэхъуащ.

Хуржан и Іыхьлыхэм зэрыжаІэмкІэ, илъэси 100-м щхьэдэха нанэр ноби жанщ, бззэрым кІуэну фІэфІщ, уеблэмэ хущхъуэ щхьэ нэгъуэщІхэр хуэкІуэу идэркъым, езым зэфІагъэкІыу есащи, нэхъ гунэс щыхъур къуат зыщІэлъ, унэм щапщэфІа ерыскъы къабзэрщ.

Бахъсэн районым щыпсэу нэхъыжьыфІхэм ящыщу дызыхьыха мазэр хуагъэлъэпІэнущ илъэси 105-рэ ирикъуэ нанэ Іумахуэу тІум, илъэси 100 хъуа бзылъхугъэпІлым, илъэс 90-95-рэ «фІэкІа мыхъуа» къуажэдэс зыбжанэм.

ЧЫЛАР Аринэ.

Бахъсэн район щІыпІэ администрацэм и пресс-Іуэхущ1апІэм и унафэщІ.

Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэмрэ щыIэ самоуправленэм и цIыхубэ органхэм я депутатхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыхэным зэрызыхуагъэхьэзырыр

● Гу зылъытапхъэ

«Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и зэхуэсыщIэм и депутатхэр хэхыным и IуэхукIэмкIэ» Урысей Федерацэм и Президентым къыдигъэкIа Указым ипкъ иткIэ 2016 гъэм мэкъуаугъуэм и 17-м Урысейм щыщIидзащ хэхыныгъэ Iуэхуэсм хэIэтыкIауэ зыщыкухуагъэхьэзыр лъэхъэнэм.

РЕСПУБЛИКЭМ и щыIпIэ самоуправленэм и цIыхубэ органхэм я депутатхэр хэхыным теухуа унафэр 2016 гъэм мэкъуаугъуэм и 24-м «Официальная Кабардино-Балкария» газетым кытрадзауэ щытащ. АрдыдэмкIэ щыIпIэ хэхыныгъэ Iуэхуэхэр ирахьэжащ.

Апхуэдэ щIыкIэкIэ псоми Iэ щаIэт зы махуэу щыт 2016 гъэм фокIадэм и 18-м республикэм и щIыналъэм щыхахынущ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэмрэ щIыпIэ самоуправленэм и цIыхубэ органхэм я депутатхэмрэ.

Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и ебланэ хэхыгъуэм и депутат 450-р тIууэ ищIыкIауэ хахынущ. Абыхэм ящыщу депутат 225-р кандидатхэм я спискэхэм IуэхуаIэтар зыхуэдизым тещIыхьауэ зыщыт федеральнэ спискэмкIэ, адрей 225-р зы мандат хэхыпIэ округхэм Iэуэ щыхуаIэтар зыхуэдизым тещIыхьауэ хахынущ.

Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэм я ебланэ зэхуэсыгъуэр хахын папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм Къэбэрдей-Балъкъэр зы мандат хэхыпIэ округ №14 къыщыдзэрагъэпэщащ. 2016 гъэм щIышылэм и 1-м зэрыщытам тещIыхьауэ абы щатхащ хэхакIуэхэу 532769-рэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэхэмкIэ комиссэм апхуэдизуэ игъэзащIэнущ округ хэхакIуэ комиссэм и кIалэнхэри.

ЩIыпIэ самоуправленэм и цIыхубэ органхэм я депутатхэр республикэм и дэтхэнэ муниципальнэ къыдэгъэпэщыныгъэм и уставым игъэува зэрыхах хабзэм тету хахынущ. Муниципальнэ хэхыныгъэ Iэуэхуэу 122-рэ ирагъэкIуэкIыну я муэадду, абыхэм ящыщу 112-р къуажэ щIыпIэхэм, 7-р кIалэхэм, 3-р республикэм и кIалэ округхэм. Зэхуагъэхуэ хэхыныгъэ хабзэм тету хэхыныгъэхэр щрагъэкIуэкIынущ республикэм и жылагъуэхэу 6-м (Налшык кIалэ округым, Бахьсэн кIалэ округым, Прохладнэ кIалэ округым, Дзэлыкъуэкъуажэ кIалэ жылагъуэм, Къущхьэтау кIалэ жылагъуэм, Тырныауз кIалэ), мажоритар хабзэм тету - 113-м (Май кIалэмрэ къуажэ жылагъуэхэу 112-мрэ), хабзэтIри зэхэту - 3-м (Тэрч кIалэ, Нарткъалэ, Шэджэм кIалэ). Псори зэхэту депутат мандат 1522-рэ ягъэшынущ. Абыхэм ящыщу 148-р зыуэ щыт округхэм, 1374-р зы мандат (мандат куэд) округхэм яхуоэз.

2016 гъэм фокIадэм и 18-м Iэ щаIэтынущ хэхыпIэ участкэзу 354-м. ХэхакIуэ комиссэ зэмылIэужьыгъуэ псоми хэтынущ цIыху миницым нэблагъэ.

Мы зэманым КъБР-м и щIыналъэм щолажьэ политикэ парт 46-м я щIыналъэ къудамэхэр.

«Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэр хэхыным и IуэхукIэ» Федеральнэ закон №20-ФЗ-уэ 2014 гъэм мазаем и 22-м къыдэкIам и 44-нэ статьям ипкъ иткIэ Къэрал Думэм и депутатхэр хэхыным егъэщIылIа Iуэхуэхэм хэхакIуэхэм Iэ зыщIадзахэр зэхуамыхьэсу хагъэхьащ политикэ парт 14. Абыхэм яхэтщ «Урысей зэкъуэт», «Родина», «Гражданская Сила», «Правое дело» урысейпсо политикэ партхэр, «Урысей Федерацэм и коммунист парт», «Захуагъэ зэдащIэ Урысей», «Урысейм и либерал-демократ парт», «Урысейм и «Яблоко» демократ парт зэкъуэт», «Урысейм и патриотхэр», «Гражданская Платформа», «Урысейм и коммунистхэр» коммунист парт», «Захуагъэм папщIэ пенсионерхэм я урысей парт», «Урысейм и республикэ парт - ЦIыхубэ щхьэхуитыныгъэм и парт» политикэ партхэр.

«Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэ и лъэныкъуэкIэ яIэ хуитныгъэхэмрэ референдумым хэтынымкIэ яIэ хуитныгъэмрэ я шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я IуэхукIэ» Федеральнэ закон №67-ФЗ-уэ 2002 гъэм мэкъуаугъэм и 12-м къыдэкIам и 35.1 статьям ипкъ иткIэ республикэм и щIыпIэ самоуправленэм и депутатхэр хэхыным егъэщIылIа Iуэхуэхэм хэхакIуэхэм Iэ зыщIадзахэр зэхуамыхьэсу хагъэхьащ политикэ партхэу 6 («Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партыр, «Урысей Федерацэм и Коммунист парт», «Урысейм и либерал-демократ парт», «Захуагъэ зэдащIэ Урысей», «Урысейм и «Яблоко» демократ парт зэгуэт», «Удзыфэхэр» урысей экологие парт» политикэ партхэр, Налшык кIалэ округым, Тырныауз кIалэм, ЛашкIутIэ, Нартан къуажэхэм я щIыпIэ самоуправленэм и цIыхубэ органхэм хэхыным теухуа Iуэхуэхэм хэхакIуэхэм Iэ зыщIадзахэр зэхуамыхьэсу урысейпсо политикэ партри.

ЕкIуэкIыну хэхыныгъэхэм зыхуигъэхьэзыркIэрэ, КъБР-м и Парламентым быдзу пыщIауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэхэмкIэ комиссэм хабзэгъэуве лажьыгъэшхуэ зэфIекIэ.

КъБР-м и ХэхакIуэхэмкIэ комиссэр жыджэру хэту 2014 - 2015 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым республикэ закони 7 къыщтащ хэхыныгъэхэмрэ референдумхэмрэ ятеухуа республикэ законодательствэр «Урысей Федерацэм и цIыхухэм хэхыныгъэхэмкIэ яIэ хуитныгъэхэмрэ референдумым хэтынымкIэ яIэ хуитныгъэмрэ я шэсыпIэ нэхъыщхьэхэм я IуэхукIэ» Федеральнэ законым хальхьа зэхъуэкIыныгъэхэм ирагъэкIуным хуэунэтIауэ. Мыбдежым къыщальытащ Урысей Федерацэм и ХэхакIуэхэмкIэ комиссэ нэхъыщхьэм и чэнджэщхэри.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэхэмкIэ комиссэм политикэ партхэм, нэгъуэщI хэхыныгъэ зэгуэхьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр щыгъуазэ ищIащ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и ебланэ хэхыгъуэм и депутатхэмрэ республикэм и щIыпIэ самоуправленэм и цIыхубэ органхэм я депутатхэмрэ хэхыным зыхуагъэхьэзырыным икIи хэхыныгъэхэр ирагъэкIуэкIыным екъуалIа Iуэхуэхэм.

Цыхуэхэм Iэ яIэтыныкIэ яIэ хуитныгъэхэр пкагъэкIын, хэхакIуэ комиссэхэм я лэжьыгъэр нахуэу икIи зэIухауэ щытын папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Жылагъуэ палатэм къыщызIуахащ хэхакIуэхэм зэрызэпащIэ «линие пщтыр».

2016 гъэм фокIадэм и 18-м екIуэкIыну IэIэтым зыхуагъэхьэзырыным, икIи хэхыныгъэхэр егъэкIуэкIыным егъэщIылIа Iуэхуэхэм цIыхуэхэр жыджэру щыгъуазэ ящI.

Си фIэщ мэхъу екIуэкIыну хэхыныгъэхэр законодательствэм ткIийуэ тету икIи зэIухауэ, цIыхуэхэм къагурыIуэу зэрыщытынур.

ДЖЭШ Вячеслав,
КъБР-м и ХэхакIуэхэмкIэ комиссэм и унафэщI.

Мы махуэхэм и илъэс 70-р егъэплъапIэ КъБР-м щIыхь зиIэ и юрист, СССР-м приборхэр зэпкърылъхьэныжьмкIэ и отличник, хабзэхъумэ, электроэнергетикэ IэнатIэхэм я ветеран Алий Сулеймэн Михаил и къуэм. Алийр апхуэдэу спортсмен цIэрыIуэу щытащ. Ар боксымкIэ спортым и мастерщ. Хьэлэмэтракъэ, спортым зэрыхэта илъэс 14-м къурыбудэу Сулеймэн 86-рэ рингым щызэуащ, абыхэм ящыщу 74-м текIуэныгъэ къыщихьу.

Зи зэфIэкIхэр лъагэ

● ДифI догъэлъапIэ

АЛИЙР Шэрэдж районым хыхьэ Жэмтхьэлэ (Къуэжьыкъуэй Ипщэ) 1946 гъэм къыщалъхуащ. Сулеймэн и сабиигъуэр щыкIуащ мэзылъэ Iувхэмрэ псы уэрхэмрэ зи куэд щIыуэпс къулеим и куэщIым. И ныбжьыр ильэс си 7-м иту я унагъуэр Налшык къэIэпхъуащ. Урысыбзэ фIыуэ зымыщIэ щIалэ цIыкIум къекъэлъэкIащ еджэным и япэ ильэсхэр. Сулеймэн зэрыжиIэжьмкIэ, къэхъурт ар ауан щащI, лъэпкъышхуэм и бзэм зэрыхуэмышэрыуэм къыхжькIыу. Езыр Iэмащ1элъэмащIэми, абы зэи быри зытригъэгъуэхуэртэкъым, уеблэмэ нэхъ Iэчлъэч щIалэ цIыкIуэхми ятэщIэуувэжьфырт, шынэ жьыуаIэр имыщIэу. Апхуэдэ зэпэщIэуувэныгъэхэм ящыщ зым зыззэпищыта щIалэ цIыкIуэр зэкIэричыжьну къарихьэлIауэ щытащ гъуэгурыкIуэ гъэр. Сулеймэн зэрызэуам Iэзагъ гъэр хэзылъэгъуэ гъэгурыкIуэм абы зыкъригъэщIыхуащ. КъызэрыщIэкIамкIэ, ар СССР-м спортымкIэ и мастер, иужькIэ Узбекистаным боксымкIэ и командэ къыхэхам и тренер нэхъыщхьэу щыта Бутаев Станиславт. Абы Алийм чэнджэщ къритащ боксым хьыхьэну икIи Къэбэрдей-Балъкъэрым а спорт IIэужьыгъуэмкIэ нэхъ щыщIэрыIуэ быдэу а зэманым яIытэу щыта Метревели Пётр и деж зыщIигъэсэну. Боксым щIэх быдэу дихьэхащ Сулеймэн икIи зэман кIэщIым къриубыдэу екъуIэнэгъэфхэр зыIэригъэхьащ.

- А лъэхъэнэм Налшык щылажьэр апхуэдэ секциIт къудейт. Зыр Метревели Пётр ирагъэкIырт, адрейм екIуалIэхэр игъасэрт Къазгъашэ Владимир. А тренер Iэзэхэр зэхьэрхуэрэгъуэт, апхуэдэт абыхэм я гъэсэнхэри. Владимир и гъэсэн Иванцов Сергейт сэри сызрихьэлIар, республикэпсо турнирым япэу сыщыхэтам щыгъуэ, - игу кьегъэкIыж Алийм. - Абы сытекIуат сэ икIи а екъулIэ щIыгъэм гушхуэныгъэ ин къысхилъхьэри, нэгъуэщI зыбжани хэзгъащIэуурэ, кIэух зэIущIэм сынэсат. Спортыр ар текIуэныгъэ защIэу зэхэлъхьым: щыхэбгъащIи укъыщыхагъащIи кхуэху. Финалым сызыщрихьэлIа Бульненкэ Владимир (ар КъБАССР-м боксымкIэ и чемпионт, республикэм боксымкIэ и командэ къыхэхам хэтт) сыпэлъэщакъым. Апхуэдэу зэхьэзэхуэм етIуанэ увыпIэр къыщыхсьауэ щытащ.

Ар гущIыхьэ щыхъуу и гур фIэкIуэдакъым Алийм икIи зыгъэсэным пищащ нэхъ ерыщыжу. Абы щыгъуэ ар ирихьэлIащ ди республикэми нэгъуэщI щыпIэхэми щыцIэрыIуэ спортсмен лъэщхэм. Апхуэдэт Урысмамбэт Анатолий. Алийм и абырэ нобэр къыздэсым зэныбжьэгъуущ.

Куэд дэмыкIыу Сулеймэн хъуащ КъБАССР-м и чемпион, республикэм боксымкIэ и командэ къыхэхами хагъэхьащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыкIыр абы щихъумащ Краснодар крайми Ставрополь щылажьэми. Ди республикэмрэ Дагъыстэнымрэ я командэ къыхэхахэр щызэпэщIэувами, Сулеймэн текIуауэ щытащ Дагъыстэным боксымкIэ и чемпионым. Ахэр екъулIэныгъэшхуэт бгырыс щIалэ къуэгъум и дежкIэ.

- Апхуэдэ защIэу екIуэкIакъым си Iуэхур. Сыпсэуху сщыгъупщэнкъым Ставрополь щIыналъэм и чемпион Сопкэ Николай сызэрыихуэгъащIауэ щытар. Псы щIыIэ пэгун си щхьэм къыфIакIа хуэдэт. Нэхъ Iейуу си жагъуэ хъуарати, зэхьэзэхуэр щекIуэкIыр Налшыкт, сэри сыкъыщалъхуа махуэт абы щыгъуэ, - а зэIущIэм топсэльыхьыж Алийр. - СпортымкIэ уардэунэм щIыхуэ щIэзт, абыхэм яхэтт си Iыхьлыхэри ныбжьыгъуэхри... Къохъу апхуэдэ. Спортыр аращ.

Спортым хуабжьу дихьэха щIалэщIэр а лъэхъэнэм икIи студентт. Махуэрыеджэу ильэситI нэхъ щымыту, Алийм мурад ищIащ спортымрэ еджэнымрэ зэдихьыну икIи заочнэ зригъэщIащ. Куэд дэмыкIыу ар нэсыфащ РСФСР-м боксымкIэ щекIуэкIа зэхьэзэхуэм и финалым. 1969 гъэм Сулеймэн къыфIащащ «СССР-м спортымкIэ и мастер» цIэ пIалIэр. А ильэс дыдэм къратыжащ инженер Iэщ1агъэр зэрызригъэгъэтам щыхьэт текIуэу и дипломри.

Алийр дзэ къулыкъум мыгувэу ираджащ. Ар хэхуат Мэхъэчкъалэ щыIэ дзэм. Къулыкъур къызыхуэтынщэу, щытхъу иIэу ирихьэкIащ бгырыс щIалэм. Абы мызэ-мытIэу къыхуагъэфащащ фIыщIэ тхьилъхэр, Кавказ Ищхъэрэ щыналъэм и политуправленэм, ВЛКСМ-м и Дагъыстэн обкомым къабгъэдэкIыу.

Къулыкъур кърихьэлIа нэужь, Алийр инженеру щылэжьащ «Севкавэлектроприбор» заводым, Налшык дэт унэуху комбинатым. 1974 гъэм абы дзэм игъэззэжащ икIи Москва областым хыхьэ Химки кIалэм щыIащ. Абы щытхъу иIэу ирихьэкIащ ротэм и командирым и къуэдзэ, ротэм, батальоным я унафэщI кIалэнхэр. 1976 гъэм ар щытекIуащ Москва областым щыIэ инженерткиэ дзэхэр зыхэта зэхьэзэхуэм.

Боксым и закъуэкъым Алийр дзэныхьэхыу щытар. Абы и щытхъу, фIыщIэ тхылъхэм яхэлъщ атлетикэ псыныщIэмкIэ, щахматхэмкIэ, шашкэхэмкIэ, нэщанэ еуэнымкIэ, нардхэмкIэ.

Апхуэдиз зэфIэкI зыбгъэдэлъ щIалэм къыхуагъэлъэгъуат Москва дэт фэтэрхэри, дзэ къулыкъумкIэ дэкIуеину Iэмал хъарзынэхэри къыплъыкуэкIат. А псори Iэщ1ыб ищIыкIащ Сулеймэн икIи щалъхуа щыналъэм къигъэзэжащ, щылэжьа заводми увыжащ. Алийр занщIэу ягъэуваш абы и комсомол зэгухьэныгъэм и секретару. А зэманым ар ядэлэжьащ республикэм нобэ и цIыху цIэрыIуэхэу Хьэщхъуэжь Александр, Зумакулов Борис, Чеченов Хьэсэн, Ковалёв Валерий сымэ, нэгъуэщIхэми. ИригъэкIуэкI комсомол лэжьыгъэ купщIафIэм папщIэ Алийм къратащ ВЛКСМ-м и ЦК-м къыбгъэдэкI фIыщIэ, щытхъу тхылъхэр, дамыгъэ лъапIэхэр.

Комсомол лэжьыгъэм къыкIэлъыкIуащ парт къалэнхэри. Ар жыджэру щылэжьащ КПСС-м и Октябрьскэ райкомым. Абы щыгъуэ Алийр ягъэувауэ щытащ а районым и РОВД-м и унафэщIу.

НэгъуэщI зы зэфIэкIи бгъэдэлъщ Алийм. Ар зэрысабийрэ усэ тхыным дехьэх. АбыкIэ Сулеймэн уеблэмэ хъуауэ щытащ СССР-м и МВД-м иригъэкIуэкIа фестивалым и лауреат.

Ди республикэм и зыужьныгъэм лъэныкъуэ куэдкIэ хэлъхьэныгъэ инхэр хуэзыщIа Алий Сулеймэн дохъуэхъу и махуэшхуэмкIэ. Спортсмен лъэрызехьэр, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэр, хэкупсэ нэсыр узынщагъэ быдэ иIэу, гуфIэгъуэрэ дзрэжьгъуэрэ щыщIыIуэ куэдрэ Тхьэм игъэпсэу!

ТАМБИЙ Линэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

ЩыщIэныгъэхэр ягъэзэкIуэжыну пщэрылъ щащI

Шэджэм щIыналъэм и прокуратурэм къипщытащ шынагъуэ зыпылъ IэнатIэхэм кIэлъыплъ къегъэлакIуэ къулыкъухэмрэ зэгухьэныгъэхэмрэ хабзэм зэрытетыр, къэрал властым и къудамэхэм а лэжьыгъэр зэранунэтIыр, зи гугъу тщIы Iуэхущ1апIэхэр къызэрымыкIуэ щытыкIэхэм зэрыхуэхьэзырыр.

КЪУЗЭРАХУТАМКIЭ, Яныкъуей къуажэм и щIыпIэ администрацэм мафIэс шынагъуэнщагъэм и IуэхукIэ законодательствэм къигъэувкэр мазэ кIуаэкэм нэгъэсауэ игъэззэщIакъым, а къэхъукъащIэм зэрыпэщIэт гидрантэм ящыщу лажьэр тIу къудейщ.

Къищынэмыщ1ауэ, зы секундым псы литрэ тIощI зыутх Iэмэпсымэ тIуритI псэуальэхэм щыгъэувакъым, техникэ регламентым къызэрыщыгъэлъэгъуам хуэдэу, жылагъуэр гидрантэмкIэ ирикъуу къызэгъэпэщакъым.

Шэджэм етIуанэ, Лашынкъэй, Хъущтэ-Сырт, Щхьэпсыкъэ къуажэхэм, Шэджэм кIалэм апхуэдэ ныкъуасанэгъэхэр къыщыщIагъэщащ.

Къэпщытэныгъэм зэрикIуам ипкъ иткIэ, щыщIэныгъэхэр ягъэзэкIуэжыну кIалэн ящызыщI тхылъхэр а жылагъуэхэм я Iэтащхьэхэм хуатхащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ1апIэхэр.

Мы махуэхэм зи ныбжьыр илъэс 65-рэ ирикъуа Фырэ Руслан ди къэралым ныбжьэгъу куэд щIэщI. Абыхэм ящыщ зыщ ХудожествэхэмкIэ Урысей Академиэм и президент Церетели Зураб. Мис ноби Руслан суратыщI Iэ́эзм и лэжьапIэм щохьэщIэ. И куржы ныбжьэгъум абы къыргъэлъагъу Урысей Федерацэм и Унафэщ1 Путин Владимир, дзюдоист цIэрыIуэм, трищIыкIа скульптурэр.

Мы махуэхэм

Бадзэуэгъуэм и 5, *гъубж*

♦УФ-м и Тенджыз, псы флотым и лэжьакIуэхэм я махуэщ

♦Армением и Конституцэм и махуэщ

♦Аргентинэм щагъэлапIэ Сабийхэм я махуэр

♦Венесуэлэм и щхьэхуитныныгъэм и махуэщ

♦Брянск, Калугэ, Новгород областхэр къыщыIэзэрагъэпэща махуэщ (1944 гъэм)

♦1841 гъэм инджылыз Кук Томас дунейм щыIэпэу туристыр агентствэ къызэIуихащ.

♦1924 гъэм Париж къыщыIэзэуахащ VIII гъэмахуэ Олимп джэгуэр.

♦1943 гъэм Курск дежи щыIэзэхэта зауэшхуэм щIидзащ. Хэку зауэшхуэм и зэманым щыIа зэпэщIэтыныгъэ нэхъ гуащIэ дыдэхэм хабжэ а зауэр зыщыкъуIуэм и 23 пщIондэ екIуэкIащ.

♦1957 гъэм Налшык Лениным и фэеплъ къыщыдзэIуахащ.

♦КъэбэрдейкIэ и пщы уэлий **ХьэтIохъущокъуэ Кургъуокъуэ** къызэралъхурэ илъэс 353-рэ ирокъу.

♦Урысей дзэзешэ, адмирал **Нахимов Павел** къызэралъхурэ илъэс 214-рэ ирокъу.

♦Германием и Компартым и къызэгъэпэщакIуэхэм ящыщ, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ **Деткин Кларэ** къызэралъхурэ илъэси 159-рэ ирокъу.

♦ШэрджэС тхакIуэ цIэрыIуэ **Абыкъу Хьалид** къызэралъхурэ илъэси 116-рэ ирокъу.

♦Совет режиссёр, Гуащэхэм я театр нэхъыщхьэм и унафэщIу илъэс куэдкIэ лэжьа **Образцов Сергей** къызэралъхурэ илъэси 115-рэ ирокъу.

♦Филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Апажэ Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 86-рэ ирокъу.

♦Медициней щIэныгъэхэм я доктор, ЩIДАА-м и академик **Даут Юрий** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и юрист, СССР-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер **Алий Сулеймэн** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦КъШР-м и ЦIыхубэ Зэхуэсым и депутат, «Абазашта» газетым и редактор нэхъыщхьэ, КъШР-м щIыхь зиIэ и журналист **Къул Фардаус** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты́мкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэу щыщытынущ, уэшх къыщешынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 28-рэ, жэщым градус 19 - 21-рэ щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 6, *бэрэжьей*

♦Къэзахъ Республикэм щагъэлъапIэ я къалащхьэ Астана и махуэр

♦1557 гъэм Къэбэрдейр езым фIэфIу Урысейм гухьащ.

♦1661 гъэм Иркутск кIалэм и лъабжьэр ягъэтIылъащ.

♦1785 гъэм США-м и Конгруссым унафэ къыщтащ долларыр америкэ ахъшэу гъэувным теухуауэ.

♦1803 гъэм Санкт-Петербург къыщыIэзэрагъэпэщащ мафIэсгъэункIыфI гуп.

♦1912 гъэм Швециеи и кIалащхьэ Стокгольм къыщызэIуахащ V Гъэмахуэ Олимп джэгуэхэр.

♦1957 гъэм КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и гуфIэгъуэ сессие зэхэтащ. Ар теухуауэ щытащ Къэбэрдейр езым фIэфIу Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъуам икIи республикэм Ленин орденыр етIуанэу къызэрыратам.

♦2009 гъэм Москва къыкIуащ США-м и президент Обамэ Барак.

♦2013 гъэм Къэзан къыщызэIуахащ XXVII дунейпсо гимназиуэ Университетыр.

♦Урысей император **Николай Езанэр** къызэралъхурэ илъэс 220-рэ ирокъу.

♦Къэзахъ Республикэм и президент **Назарбаев Нурсулътан** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦Урысей опернэ уэрэджвIакIуэ, СССР-м и цIыхубэ артистхэ **Синявская Тамарэ** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Америкэ актёр, режиссёр, сценарист **Сталонне Сильвестр** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦США-м и президенту щыта **Буш Джордж-нэхъыщIэм** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦КъБР-м щыщ спортсмен, Олимп джэгуэхэм я чемпион **Рогожин Сергей** къызэралъхурэ илъэс 60 ирокъу.

♦Экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Мысачэ Валерий** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

♦Техникэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Сэхъурокъуэ Анатолий** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты́мкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 28-рэ, жэщым градус 16 - 20 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Уи гуащIэ еплъи, уи лъэ гъэбакъуэ.

● Гъэмахуэ хъупIэхэм

МардэщIэхэм зытраухуэ

Гъэмахуэ хъупIэхэр тэмэму къэгъэсэбэнынымрэ абы щаIыгъ Iэщхэм гъэш хэплъыхьа къащIэшынымрэ мы зэманым толажьэ ди республикэм и мэкъумэш-промышленнэ IэнатIэхэр.

КъАПЩТЭМЭ, иджыпсту КъБР-м гъэмахуэ хъупIэу къегъэсэбэп гектар мини 300-м щIигъу. Зы Iэщ1ышхуэ къэс щIыуэ 1 гектар къыльысу къатщтэмэ, накъыгъэм и 15-м къыщыщIдзауэ фокIадэм и кIэм нэсыу абы Iэщ1ышхуэу мини 100, мэлрэ бжэну мин 300 щаIыгъыфынущ. Гъэмахуэ-бжьыхьэ мазэхэм абыхэм якIэлъыплъынущ къалэн зэмылIэужьыгъуэхэр зыгъэзэщIэ Iэщ1агъэлIу 1 миным нэс.

Иужьрей илъэс зыбжанэм Дзэлыкъуэ хъупIэхэр тэмэму къэгъэсэбэпа хьуным зи зэфIэкI нэхъыбэхэм ящыщущ Iэш нэхъыбэ зиIэ Дзэлыкъуэ, Шэрэдж, Iуащхьэмахуэ, Бахьсэн щIыналъэхэр. Ди щIэныгъэлIэр иужь ихьауэ йолэжь хъупIэхэр къэзэщIэрэщIэжыным.

ДЫГЪУЖЬОКЪУЭ Борис.

КІурашын Алий: Нэхъыщхьэр дунейм уи гур зэІухауэ, цІыхугъэр пфІэмыкІуэду утетынырщ

***Хьащалъхуа Хьэтіохъущыкъуей жылэжьми Бахъсэн щІиналъми пщІэрэ щІыхьрэ щІызиІэ цІыхущ мы махуэхэм зи ныбжьыр илъэс 80 ирихъу КІурашын Алий Амырбий и къуэр. Илъэс 51-кІэ лэжьыгъэ ІэнатІэм пэрытащ ар. Абы щыщу илъэс 45-р егъэджэныгъэ Іуэхум тыхь хуищІащ. Алий лэжьащ егъэджакІуэу, школ унафэщІым и къуэдзэу, еджапІэм и директору. А зэманым къриубыдэу, шэч хэмылъу, егъэджэныгъэ ІэнатІэм абы хэлъхьэныгъэфІхэр хуищІащ. Къапщтэмэ, сыт хуэдиз цІыхум гъэсэныгъэрэ щІэныгъэрэ ярита, дапщэ гъащІэ гъэзэуанэм и лъагъуэ пэжым тригъэува?! Кузд мэхъу ахэр, дэтхэнэми ар гуапэу ягу къагъэкІыж, ноби абы и чэнджэщ щхьэпэхэр къэзыгъэсёбэлыр машІэкъым. И махуэ льапІэм ирихьэлІэу КІурашын Алий ди хьэщІэщым къедгъэблэгъащ.*

- Егъэджэныгъэ Іуэхур гугъущ икІи жэуапльныгъэ зыпльщ. А зы ІэнатІэм уэ илъэс куэдкІэ упэрытащ, уеблэмэ нэхъыбэм епхьэкІар унафэщІ къуалыкъущ. Апхуэдизэ зэманкІэ екъулІэныгъэ уиІэу ІэнатІэм упэрытыфын папщІэ ар гукІи псэкІи къыхэхэуэ щытын хуейщ.

- ГъэщІэгъуэнщ, ауэ егъэджакІуэ Іэщ1агъэм зэрымыщІэкІэ сыхуэкІуауэ аращ. 10-нэ классыр къыщызухым аттестат къыхэзыгъэуІэу щытакъым. Си анэшым, Джадгъэфхэ, сыщыІэти дадэ мэзым сигъакІуэурэ экзаменитІ-щы блэзгъэкІын хуей хъуащ. Аттестат уимыІэу дэнэ ущІэтІысхьэнт?! Апхуэдэу щыхъум мэкъуауэхэм сахыхьэри, хэсу губгъуэм сыдэкІащ. Тхьэмахуэ зыбжанэ абы сыщыІауэ, колхоз правлеэм нысхуаІэхури сыкъэкІуэжащ. Абыхэм къуажэ клубым и унафэщІу сыуВыну къысхуагъэпльагъуэрт. «Дыгъэм уэхту мэкъу уеуэу губгъуэм уит нэхърэ клуб жьауэм ущІэсмэ нэхъыфІкъэ», - жысІэри, куэдрэ сымыгупсысу, арэзы сытехъуащ. ИлъэсищкІэ абы сыщылэжьауэ, 1959 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм дзэм къулыкъу щысщІэну сраджащ. Ар къесхьэлІэу къыщызгъэзэжам, си пІэкІэ клубым яГъэува Іэпщэ Фуіэд дзэм къулыкъущІэну ираджэу сыкъэрихьэлІэжащ. Апхуэдэ щыкІэкІэ си ІэнатІэм сыпэрыувэжри, аргуэру илъэсищкІэ абы сыщылэжьэжащ, пщыхьэщхьэ еджапІэм сыкІуэурэ аттестатри зыІэрызгъэхьэжащ. Абы иджыри сыщыІэу, курыт школ №1-м черчеНэмрэсурэтщІынымкІэегъэджакІуэу сыуВащ. Ар си фІыщІэр а Іуэхум сызэрыхуэІэкІуэгъакІуэр зыщІэ, еджапІэм и унафэщІым и къуэдзэу Іэжьа си адэ къуэшым и къуэрщ. Абы и чэнджэщкІи Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым урысыбзэмрэ литературэмкІэ и къудамэр къэзухьжащ. Мис апхуэдэу сыхьыхьа хъуащ егъэджэныгъэ ІэнатІэм икІи зэи сыхущІегъэжакъым. Илъэсипщ1кІэ а еджапІэм сыщылэжьауэ къуажэм дэт школ-интернатым и унафэщІым и къуэдзэу сригъэблэгъащ. ИтІанэ илъэсий школым и директору сагъэкІуащ. ИужькІэ а еджапІэм и пІэкІэ курыт школыщІэ яухуэжауэ щытащ, абыи унафэщІуи егъэджакІуэуи сыщІащ.

- Алий, цІыхум и гъащІэм сабиигъуэм нэхъ Іэфби нэхъ дахи хэту къыщІэкІынкъым. Уи сабиигъуэм и «губгъуэм» уиухьэжмэ, сыт хуэдэ гукъэкІыжхэр уиІэ?

- Си сабиигъуэр зауэ нэужь илъэсхэм хиубыдащ. А зауэ бзаджэм и жьыр зыщІихуа куэдми яйм хуэдэу а лъэхъэнэр гугъуу икІи хьэлъэу екІуэкІащ. 1945 гъэм япэу школым сыщыкІуам си ныбжьыр илъэси 9 хъурт. Сэ нэхърэ нэхъыжьи къытхэту, зэкъуэш зыбжанэ зы классым щІэсу деджащ. Еджвем дыхуэпабгъэурт, къыджаІэ псори тфІэгъэщІагъэнт. Ауэ щыгъэнкІэ, вакъэкІэ, дызэреджэну хьэпшыпкІэ зыхуей дыхуэзэртэкъым, уеблэмэ еджапІэм льапцІуэ дыщыкІуи кытхуихуащ. Иужьым ди адэм къигъэзэжри, абы зыгуэрхэр зригъэкІуэкІыурэ, гъавэ ищэурэ е ихъуэжурэ, хуэмурэ зыкъэтІэтащ.

Сабиигъуэм теухуауэ гукъэкІыж дахэу сиІэр сыт жыпІэмэ, адэшхуэ-анэшхуэм я куэщІым сыкъыпэзри-хьэкІарщ, абы я жьауэм сызэрыщІэтарщ. Си сыкъыщІыхуар си анэш Джэдгъэфхэщ. Адэшхуэ-анэшхуэм сыщратам си ныбжьыр илъэси 6-м иту арат. Дадэ махуэ къэс жьхуаІэм хуэдэу къакІуэрт ди деж. «Мыр мыпхуэдизрэ къакІуэу щытакъым, иджы щхьэ къызыкІэлъыкІуэ хъуауэ пІэрэт?» - жысІэу сегупсысырт. КъызэрыщІэкІамкІэ, щхьэзыгъэнэшэу къэкІуэрей хъуатэкъым. СыкъэкІуэсэжурэ Іэджэри сыкъэкІуэжащ, иужьым хэмурэ сесэжащ. Уеблэмэ, Джэдгъэфэ унэцІэри зесхьащ. Школым сыщыщІэтІысхьэм, си унэцІэр, хэт апхуэдэу ищІами сщІэрхьащ, Джэдгъэфу ирагъэтхащ. А унэцІэр сІыгъащ щхьэгъусэ къасшэу, сабии диІэхукІэ. ИтІанэ хуэм-хуэмурэ си щхьэм кІыхьащ щыуГэ гуэр зэрысІэщІэкІыр, си унэцІэр зэрысхъуэжын щхьэкІэ. И ужь сихьэри, КІурашын унэцІэр къэсщтэжауэ щытащ.

Си адэшхуэ-анэшхуэхэм ПІатІуэрэ Балихьанрэ икъукІэ цІыхуфІт. Диныр яІыгьт, КъурІэныр яІэщІэлът, адыгэ хабзэми тКІийуэ тетт. Іуэхуфі куэд ялэжьащ абыхэм, я дуней тетыкІам куэдрэ цІыхуэхэр тепсэлъыхьыжыт, ноби ахэр зыщІэжхэм гуапэу ягу къагъэкІыж.

Ди хадзмкІэ псыІэрышэ цІыкІу КІуэцІрыкІырт. Абы куэдым псы иратхырт. Псыхьэ къэкІуа дэтхэнэми, и пхъэщхьэмыщхьэм щыщ Іэрымыхьауэ Іэмал зэригъэткІэ ІуигъэкІыжыртэкъым. Ябынныкъуэхэм деж жыгыр игъэсысуэрэ пхъэщхьэмыщхьэхэр псым хигъэльапІэрт, мыдрейхэми псыр къыщыгъахъуэкІэ я пэгуным «ТІОмпІ-ТІОмпІ» жиІэу хэхуэрти, «Дадэипсэ и пхъэщхьэмыщхьэр кытІэрыхьащ», - жаІэурэ гуфІэрт. Мис апхуэдэт я дуней тетыкІар. Дади нани илъэс 90-м щІигъукІэ псэуахэщ.

- Илъэс 45-кІэ егъэджэныгъэ Іэнатіэм упэрытащи, ар зищІысыр фІы дыдэу уощІэ. Ауэ псынщІэу зы-зыІужь дунейм ижь щІихуащ егъэджэныгъэ Іуэхуми, КІуэ пэтми абы зэхъуэкІыныгъэщІэхэр къыхьэрэ йокІуэкІ. Абы теухуа уи Іуэху епльыкІэр сфІэгъэщІагъэунэщ.

- Пэжыр жысІэнщи, иджыпсту а унэтІыныгъэм щекІуэкІ псоми фІы дыдэу сыщыгъэазэкъым. Зэхьэзохыр абы къыщыхъу зэхъуэкІыныгъэщІэхэм егъэджакІуэхэри, сабийхэри, адэ-анэхэри зэригъэтхъэусыхэр. Дауи, апхуэдиз тхъэусыхафэр къэзышэ Іуэхур ныкъусаныгъэншэкъым. Совет егъэджэныгъэ ІэнатІэм лъабжьэ куу иІэт. Сабийр еджну ящІэмэ, сыткІи дэІэпыкъуэгъу хуэхъунут. Иджы сыт тлъагъур? Школым къыщІах щІэныгъэм и закъуэкІэ экзаменхэр яхуэтыркъым. Абы къыхэкІыу школ нэужьми я щІэныгъэм хагъэхъуэн хуей мэхъу, ауэ иджы егъэджакІуэр сабийхэм зэрадэлажьэр ахъшэкІэщІ. Апхуэдэу нобэрей еджапІэхэм я ныкъуасныгъэхэм ящыщу сэ зыщІытэ абыхэм цІыхухъу закъуэтІакъуэхэ фІэкІ зэрыщымыІэр.

- Алий, дэ дыщыгъуаззщ уэ усэхэр, рассказхэр, хъыбархэр зэрыптхым. Абыхэм ящыщхэр ди газетми мызэ-мытІэу къытехуащ. А Іуэхум дауэ удихьэха хъуат?

- ЩысабийМ зыгуэр иуцІыркъыну и гугъуэ зэ къалэмыр къэзымыщта щыІэ къыщІэкІынкъым. Сэри аращ. 6-нэ классым сыщІэсу «Пащтыхь лъэифхэр щыІэжкъым» жиІэу си япэ уэсэр стхауэ щытащ. Усэр зытеухуам и гугъу пщІымэ, а зэманым дэнэкІи зытепсэлъыхьри, дзэрагъаджэ предметхэм ящыщ куэдым къыхэщыжри пащтыхьхэм зэрахьа залымыгъэрати, арагъэнщ ар щІэстхар. Апхуэдэурэ си нэгу щІэкІхэм, гъащІэм щыщ тепльэгъуэ гуэрхэм сызыхуашэ гупсысэ щхьэхуэхэр лъабжьэ яхуэхъуурэ къэунэхуащ адрей си Іэдакъэщ1экІхэри.

- Цыхур гъащІэм лъэ быдэкІэ хэтыныр елъытащ ар щыпсэу унагъуэм. Дэтхэнэ зыми и гуащІэри и къарури къызыхихыр аращ. Уи унагъуэм и гугъу къытхуэпщІамэ ди гуапэт.

- СыкъызыхэкІа унагъуэм и деж къыщыщІэздзэнщи, ди адэ-анэм щІалищрэ хъыджэбзитІрэ драІэт. ДзыьхэпсэукІа зэманыр гугъуу щытами, дзыьхэтым нэхъыкІэкІэ дакъыхэмыщын папщІэ яхуэзфІэкІ къагъэнакъым. Сыкъэзыльхуахэмрэ къызыдалъхуахэмрэ щІыбагъ быдзу сиІэу сыкъеІуэкІащ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, шыпхъу нэхъыщІэр и ишагъуэ дахэ хъуауэ, сымаджэ хъури дунейм ехьжащ. ЩІалищым ди нэхъыщІэри къытхэтыжкъым. Къэнахэр дызэкъуэту, ди гуаузэри ди гуфІэгъуэри зэдздгъэзыу дызэдопсэу.

1964 гъэм ди жьлэм щыщ Архэстхэ япхуэу Женярэ сэрэ унагъуэ зэдздухуащ. Си щхьэгъусэр сатум и лэжьакІуэт, щыхьрэ щытхъурэ иІэу илъэс куэдкІэ а ІэнатІэм пэрыташ. ГъащІэм езым и хабзэхэр иІэжщ. Абыхэм яхэтщ зыкІи пхузэмыхьэкІынухэри. Апхуэдэу илъэс 38-кІэ нэхъыщхьэхэр арэзы ищІыфырт, езым игъэлажьэхэми я гум дыхьэрт. Лэжьыгъэм щІопэрытым деж тКІийт, ауэ щыхьхуэкІи къыхэзрыгуэкІ лэжьакІуэм пщІэ хуищІырт. ЦІыхубзым я деж къыщиплэжьа пщІэмрэ дзыхьымрэ я щыхьэтт къуажэ Советым и депутату зыбжанэрэ зэрыхахар.

И ныбжь нэсу пенсэ тІысжа нэужьи, цІыхубзм япэІэщІэ хъуакъым Алий. Ар ХьэтІохъущыкъуей къуажэм и Нэхъыжьхэм я советым и тхьамадащ, жьлэм къыщызэрагъэпэщца цІыхубз театрым жьыдэру холэжьыхьэ.

Лэжьыгъэм и пІалъэ фІыуэ зыщІэ, районым и псэукІэм зэрыхьанэу щІыгъуазэ ІэщІагъэлІ нэхъыжьым и чэнджэщхэм ущІэдэІуныр куэд и уасэщ. Псэлъэгъу гъэщІэгъэнэщ, зыхимыщІыкІ щІэкъым жьхуаІэм хуэдэщи, тхыдэми, литературэми, нэгъуэщІ унэтІныныгъэхэми къыпхутепсэлъыхьыфынущ.

ГъащІэр щхъуэкІэплъыкІэу зэхэльщ, уэлбанэрилэ, дыгъэпс мазухэр щызэблэдзащ. Сыт хуэдэ щытыкІэ ирихьэлІэми, хэкІыпІэ къеГъуэрти, дэрэжэгъуэ къыхьехыф Алий и махуэхэм. Лэжьыгъэм щрилъхьэжьауэ къыщиритэ щыІэт, ауэ, дэтхэнэ цІыху насыпифІэми хуэдэу, абы и щІыбагъ къыдэзт къабзагъэрэ лъагъуныгъэкІэ ихуха унагъуэ дахи, абы дэрэжэгъуэ къритыжырт.

КІурашын Алий и лэжьыгъэр къыщалъытащ районми республикэми, ноби и пщІэр лъагэу мэпсэу, дадэ жьыщхъ махуэу и щІэблэм яхэтщ. Ар насыпкъэ-тІэ?!

И махуэ льапІэмкІэ фІыуэ тлъагъу, зыпэтщІ щыщІэ ди нэхъыжьыфІым дохъуэхъу. Уи узынщагъэр мыкІуэщІу, дэрэжэгъуэ уиІэу, укъэзыухъуреихь щІэблэм я ехъулІэныгъэм, я насыпым уи псэр игъэгуфІэу, зи плъыр жьэгур мыужьыхьыу пхъумэу, гъащІэм гу щипхуэрэ абы и Іэфыгъэ псори зыхэпщІэу куэдрэ укъытхэтыну Тхьэм жиІэ! Жьыщхьэ махуэ дадэ къыпхужаІэу уи илъэсищэр дгъэлъэпІэну ди гуапэщ.

КЪУМЫКЪУ МуІэед,
ХьэтІохъущыкъуей къуажэ администрацэм и унафэщІ,
АРХЭСТ Заур,
ХьэтІохъущыкъуей къуажэ администрацэм и унафэщІым и къуэдзэ.

И щхьэгъусэ Женярэ ипхъуэу Мадинэрэ Маринэрэ. *1978 гъэ*

«Къамботрэ Лацэрэ» спектаклым Мэхъэшокъуэ и ролыр щегъэзащІэ. *Бахъсэн къалэ, 2001 гъэ*

ФІым къыхуигъэщІа

ХьэтІохъущыкъуей жылэжьыр зэрыгушхуэ и нэхъыжьыфІхэм ящыщщ КІурашын Алий. ДэІэпыкъуэгъу хуэныкъуэм зэрыхуэзфІэкІкІэ защІигъакъуэу, нэхъыщІэм я чэнджащкІуэфІу, къраГъэз дзыхьыр игъэпэжу, и пщэрылъхэр къызыхуэтыншэу игъэзащІэу мэпсэу ар.

ЗЭНЫБЖЬЭГЪУХЭР зэхуэсауэ абы и гугъу щащІкІэ, умыгъэщІэгъуэн плъэкІыркъым а лЫ Іущым зэфІэкІышхуэ зэрыбгъэдэлъыр. Алий игурэ и псэрэ зэІухауэ жылагъуэм яхэтщ, абы щекІуэкІ сыт хуэдэ Іуэхуми и гуащІэ хелъхьэ. Жэуаплныгъэшхуэ зыпылъ къулыкъухэр ирихьэкІащ КІурашыным. Сыт хуэдэ ІэнатІэ пэрыхьэми, абы къыщигъэлъагъуэрт къызэгъэпэщакІуэ акъылыфІэу зэрыщытыр. Зи унафэ щІэт нэхъыщхьэхэр арэзы ищІыфырт, езым игъэлажьэхэми я гум дыхьэрт. Лэжьыгъэм щІопэрытым деж тКІийт, ауэ щыхьхуэкІи къыхэзрыгуэкІ лэжьакІуэм пщІэ хуищІырт. ЦІыхубзм я деж къыщиплэжьа пщІэмрэ дзыхьымрэ я щыхьэтт къуажэ Советым и депутату зыбжанэрэ зэрыхахар.

И ныбжь нэсу пенсэ тІысжа нэужьи, цІыхубзм япэІэщІэ хъуакъым Алий. Ар ХьэтІохъущыкъуей къуажэм и Нэхъыжьхэм я советым и тхьамадащ, жьлэм къыщызэрагъэпэщца цІыхубз театрым жьыдэру холэжьыхьэ.

Лэжьыгъэм и пІалъэ фІыуэ зыщІэ, районым и псэукІэм зэрыхьанэу щІыгъуазэ ІэщІагъэлІ нэхъыжьым и чэнджэщхэм ущІэдэІуныр куэд и уасэщ. Псэлъэгъу гъэщІэгъэнэщ, зыхимыщІыкІ щІэкъым жьхуаІэм хуэдэщи, тхыдэми, литературэми, нэгъуэщІ унэтІныныгъэхэми къыпхутепсэлъыхьыфынущ.

ГъащІэр щхъуэкІэплъыкІэу зэхэльщ, уэлбанэрилэ, дыгъэпс мазухэр щызэблэдзащ. Сыт хуэдэ щытыкІэ ирихьэлІэми, хэкІыпІэ къеГъуэрти, дэрэжэгъуэ къыхьехыф Алий и махуэхэм. Лэжьыгъэм щрилъхьэжьауэ къыщиритэ щыІэт, ауэ, дэтхэнэ цІыху насыпифІэми хуэдэу, абы и щІыбагъ къыдэзт къабзагъэрэ лъагъуныгъэкІэ ихуха унагъуэ дахи, абы дэрэжэгъуэ къритыжырт.

КІурашын Алий и лэжьыгъэр къыщалъытащ районми республикэми, ноби и пщІэр лъагэу мэпсэу, дадэ жьыщхъ махуэу и щІэблэм яхэтщ. Ар насыпкъэ-тІэ?!

И махуэ льапІэмкІэ фІыуэ тлъагъу, зыпэтщІ щыщІэ ди нэхъыжьыфІым дохъуэхъу. Уи узынщагъэр мыкІуэщІу, дэрэжэгъуэ уиІэу, укъэзыухъуреихь щІэблэм я ехъулІэныгъэм, я насыпым уи псэр игъэгуфІэу, зи плъыр жьэгур мыужьыхьыу пхъумэу, гъащІэм гу щипхуэрэ абы и Іэфыгъэ псори зыхэпщІэу куэдрэ укъытхэтыну Тхьэм жиІэ! Жьыщхьэ махуэ дадэ къыпхужаІэу уи илъэсищэр дгъэлъэпІэну ди гуапэщ.

КЪУМЫКЪУ МуІэед,
ХьэтІохъущыкъуей къуажэ администрацэм и унафэщІ,
АРХЭСТ Заур,
ХьэтІохъущыкъуей къуажэ администрацэм и унафэщІым и къуэдзэ.

Куэдым хуэІэкІуэлъакІуэ

КІурашын Алий сэ сыщалъхуа ХьэтІохъущыкъуей къуажэм щыщщ. ЗэрыщІалэ цІыкІурэ соцІыхурэ, зы щытыкІэм иту апхуэдэщ. И ныбжьыр илъэс 80 ирикъуми, и тепльэкІэ апхуэдиз ептыркъым, цІыху жыджэрщ. Іуэхугъуэ куэдым ууэІэкІуэлъакІуэу, зэфІэкІ зэмылІэужьыгъуэхэр бгъэдэлъу къокІуэкІ ар. Ар школ, клуб къэфакІуэ гупхэм хэтт, къыщынэмыщІауэ щууей Іэ3эти, шыгъажэхэм и зэфІэкІ къыщигъэлъагъэзэрт.

ПАСЭУ лэжьэн щІидзащ КІурашыным. 10-нэ классыр къызэриухыу, къуажэ клубым и унафэщІ хъуащ. ИужькІэ егъэджэныгъэ Іуэхум хьихьэри, къуажэм дэт школхэм егъэджакІуэу, унафэщІым и куэдзэу, директору щылэжьащ. Сыт хуэдэ ІэнатІэ пэрытами, ар жэуаплныгъэ пылъу ирихьэкІащ.

КІурашынир творческэ цІыхущ. Дэ наІуэ тщыхъуащ абы актёр Іэзагъи зэрыхэпльыр. ЩоджэнцІыкІу Алий илъэси 100 щрикъум ирихьэлІэу КъБР-м и цІыхубэ артист Къажэр Борис Бахъсэн къалэм дэт Щэнхабзэмкі э унэм щигъэувауэ щыта «Къамботрэ Лацэрэ» спектаклым Мэхъэшокъуэ и ролыр екІуу щигъэзэщІат. Апхуэдэу сэ тесха «Абрэджым и иужьрей фоч уэгъуэ» кином Пщыбий и ролыр зэригъэзэщІам удимыхьэхынкІэ Іэмал иІэтэкъым.

Абы къыдигъэкІащ я лъэпкъым теухуа тхылъ. Мыгувэу дунейм кытетхьэнущ «Адыгэ псалъэхэр зэрызэхэлъымрэ я мыхьэнэмрэ» и Іэдакъэщ1экІыр. Рассказэр, хъыбархэр, усэхэр етх. «Кавказ» псалъэм и этимологием теуХуа тхыгъэ гъэщІэгъуэн и кьалэмыпэм къыщІэкІащ. А и Іэдакъэщ1экІэр республикэм къыщыдэкІ газетхэм щІэх-щІэхыурэ кьытохуэ.

Мы зэманым КІурашын Алий ХьэтІохъущыкъуей жьлэм и Нэхъыжьхэм я советым и тхьэмадащ. А Іэнатіэри пщІэрэ щІыхьрэ иІэу ирехьэкІ.

Сохъуэхъу Алий илъэс куэдкІэ фІым хуэлажьэу тхуэзыныншэну.

ДЖЭДГЪЭФ Хъусен,
УФ-м и Журналистхэм я союзым хэт, усакІуэ, уэрэдыс.

Сыткіи щапхъэ

КІурашын Алий теуХуауэ псалъэ гуапэ, дахэ куэд схужьІэнущ. Абы и чэнджэщхэр гъащІэм икъукІэ щхьэпэ къыщыс-хуэхъуащ.

ЕДЖАПІЭР къэзухри, ХьэтІохъущыкъуей дэт школ-интернатым лэжьапІэ сыкъащтащ. А зэманым Алий еджапІэм и унафэщІым егъэджэныгъэмкІэ и къуэдзэт. Гуапэу къысІущІащ икІи егъэджакІуэм и лэжьыгъэм и щэху псоми абы сыхигъэгъуэзащ.

Ар лэжьыгъэм зэрыпэрытар, и Іуэху зехьэкІэр куэдрэ диГу кьыдогъэкІыж. Ноби егъэджакІуэхэм уплІэ гуэр зэпхьрытхэмэ, «апхуэдэутэкъым Алий кьызэрыджиІауэ щытар» жьитІэу щытщ. Кьыддэмылэжььжьмэ, ар иджыри ди чэнджэщэгъуфІщ. УплІэ диІэмэ, зыхудогъаззэ, дыкъимыльгъэщІэхъуурэ ди Іуэхур тхуэзфІегъэкІ.

ДУДАР ФатІимэ,
пэщІэдзэ классхэм я егъэджакІуэ.

Лъэ быдэ

КІурашын Алий илъэс тІощІым щІигъуКІэ сыдэлэжьащ. Си лэжьыгъэмкІэ ар щапхъэ схуэхъуащ, ноби абы и Іуэху бгъэдыхьэкІэр гъуазэу сиІэщ.

УМЫГЪЭЩІЭГЪУЭН плъэкІыртэкъым ар сабийхэм зэрахэтыр, абыхэм зэрепсалъэр. И лэжьыгъэр тэмэму кьыззэрызэригъэпэщым хуэдэу, и унагъуэ Іуэхуэхри хъарзынэу дигъэкІыр. Пасэу фІэкІуэда и щхьэгъусэмрэ езымрэ пщІэ, зэгурыІуэ яку дэлъу зэдэпсэуащ, и пхъуитІыр гъащІэм лъэ быдэкІэ хигъэуващ.

Алий и ныбжьыр илъэс пщІей ирикъуу хэзбгъэфащэкъым, и акъылкІи и Іэпкъльэпкъкъи жану апхуэдэщ. Я лъэпкъым и мызакъуэу, ди къуажэ псом ди нэхъыжьыфІщ, ди чэнджэщакІуэщ. Тхьэм иригъэфІакІуэ!

КЪАНЭМЭТ Анетэ,
пэщІэдзэ классхэм я егъэджакІуэ.

Напэкіуэціыр зыгъэхьэзырар ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иэзщ.

ПІипІсэлам

Рассказ

БЖЬЫХЬЭ уэфІ махуэщ. И унагъуэм ис псори зэбгрыкІауэ Хьэжмурат лІыжьым и закъуэт.

Бжьыхьэ Іуэхугъэ зэфІэкІати тезыгъэун лэжьыгъэ гуэри иІэтэкъым ноБэ. Апхуэдэ Іуэхуншэ махуэхэм Хьэжьі-дадэ (хьэблэр къыззрэджэр арат) пщІантІэм кьыдэкІыртэ куэбжэпэм деж хуащІа тетІысхьэпІэ цІыкІум тет.

Абдежым тесыху куэди илъагъурт икІи зэхихырт. БлэкІэрэм кьыблэкІыжхэри кьыдадзыхьыурэ кьыбгъэдыхьэрти, сэлам гуапэу кьрахырт, и узынщагъэм кьыщІэупщІэрти, я гьуэгум пащжьырт. Апхуэдизрэ узэрыщэгъу уи мыгъуэзу ущысІэнкІэ мытыкІи пэтми, нэгъуэщІ кьыхуэнэжьыртэкъым дадэм.

Езы Хьэжмурат нэхърэ нэхъыщІэу, лІыкуфІ жьхуаІэм хуэдэу, унитІ-щы кьэбгъанэмэ, ищхьэрэкІэ кьыщыст зы щІалэ, Исуфкі э еджэу. Ау арэ лэжьыгъэ гуэркэм пыщІати псэлъэгъу кьыщыхуэхьур ззэзмысзэххэт. Апхуэдэу махуэ гуэрым Хьэжьі-дадэ и куэбжэпэм щысу зи лэжьыгъэр ихуьку кьэзыгъэззэжа Исуф кьыдокІуейри щотІысэх дадэм деж. ЗауЛрэ узрэшэру щысу, машинэ хужь щыкІу псынщІэ дыдэу кьыдэжейуэрэ абыхэм я деж кьызэрысу «пІиипІ-пІийпІ» жиІэу кьажьэхокІиери, блож кьызэтемувыІэу.

Хьэжьі-дадэ занщІэу зыкъеГазэри

- Уа, Исуф, уи псалъэр фІыкІэ ІыгъЬ, узэпізымыдуу ІэунукъыкІ, зыгуэр сигу кьэкІыжащи сщыгъупщэжыкІэ хъунущ, - жеІэ, зэуэ зыкъызэкъуепхъуэтри Хьэжьі-дадэ.

Исуфи хабзэмыщІэу кьыщІэкІынтэкъыми, нэхъыжьым пэрыуакъым.

- Сынодаіуэ, дадэ, - зэпигъэуащ и псалъэмакъэр щІалэм.

- Уэлэхьи, Исуф, мы нобэ икІи мы ныжэбэ сэ мы Іуэхум сызэригъэбамПІэр, илъэс зытІущым нэблэгъаущ кьыщІэкІынмэ.

- Іэгъу, зиунагъуэрэ, сыту пІэрэ апхуэдизу узэгуэзыгъэпар?

- Уэ мыкьэнэнщэу кьыпщьхъункІи хъунущ ар, - кьригъэжьащ дадэм, - уэ мис иджыпсту «пІипІ-пІийпІ»-кІэ кьыздрийуэ блэжа маршынэм ябы кьригъэкІар сыт? Ар иджы япэу кьэхьурэ кьым, мызэ-мытІэу срихьэлІащ абы. Сыту куэд льандэрэ срибампІэрэ сэ а Іуэхум.

- А-а-а! Ара мыгъуэ апхуэдиз льандэрэ узэгуэзыгъэпІр? Иджыри кьэс абы зумыгъэкІыу сэ укьызэупщІатэмэ, бжесІэнти ар.

- АтІэ сыт абы кьикІыр? - темыпІэжу щІоупщІэ дадэр.

- КІэщІу бжесІэнщи, дадэ, сэлам кьыдахьу аращ. «ПІипІсэлам» - аращ абы ззреджэр, - жиІащ Исуфым.

Ар щызэхихьым, баш Іэпщэм щызэтедза и ІитІым и жьэкъыпщэ тригъэувэжри, зы тэлаикІэ зыри хужьмыІэжу щысащ Хьэжьі-дадэ. Иужьым и щхьэр кьиІэтыжри, игъэкІэрахъуэурэ:

- Тобэ,тобэ, ар дауэ сэлам ехькІэ, ар дауэ хабзэ, дауи нэмыс? - и щхьэм еупщІыж щІыкІэу жиІащ Хьэжьі-дадэм. - Уэлэхьи мыхъуа ар, Исуф.

Кьуанщагъэ псори зыІэщІэщІар езыра фІэкІ умыщІэну и щхьэр фІиудыжырт лІыжьым. Апхуэдизу зыгъэпІейтея Іэхъугъэр зищІысыр кьыщІа пэтми, дадэм и бампІэри ауи щхьэщыкІатэ-кьым.

- АтІэ, Исуф, ди зэманым, - кьригъэжьащ дадэм, - уэри зэрыпщІэщи, шыкІэщ кьызэракІуьку щытар. Шым утесу уэрэмыш ущрикІуэкІэ, уэ нэхъра нэхъыжь щІалІпъгъэкІэ дэбдзыкІ, укъепсыхьу сэлам епхьну уи кьаІэнт. Арат хабзэри, нэмысри. Дакъыкъэ зыцІыхущ. Дэ наІуэ тщьхъуащ абы актёр Іэзагъи зэрыхэпльыр. ЩоджэнцІыкІу Алий илъэси 100 щрикъум ирихьэлІэу КъБР-м и цІыхубэ артист Къажэр Борис Бахъсэн къалэм дэт Щэнхабзэмкі э унэм щигъэувауэ щыта «Къамботрэ Лацэрэ» спектаклым Мэхъэшокъуэ и ролыр екІуу щигъэзэщІат. Апхуэдэу сэ тесха «Абрэджым и иужьрей фоч уэгъуэ» кином Пщыбий и

Сэмэгумкі э къыщыщІэдзауэ: **Тхьэзэплъ Хьэсэн, КІурашын Алий, Джэдгъэф Хъусен, Джатауэ Исуф**. *2012 гъэ*

АГЪЫРЖАНОКЪУЭ Саниям: Узыхуэлажьэ уи лъэпкъым уэзахищІыкІын нэхъ насып сыт щыІэ?!

Урысей Федерацэм и къэрал саугъэтым и лауреат, Адыгейм щІыхь зиІэ и артист, Шэшэным гъэзджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, «Ислъэмей» къэрал ансамблым и художественнэ унафэщІым и къудзэз Агъыржанокъуэ (Хъуажь) Саниям гупым и вагъуэ пэрытхэм ящыщщ. «Ислъэмейр» илъэс 25-рэ щрикъум ирихьлІэу Налшык концерт зэрыщатыр къэдгъэсэбэпри, ар ди хьэщІэщым къедгъэблэгъащ.

- «ИСЛЪЭМЕЙ» ансамблыр къызэрызэрагъэпэщрэ мы гъэм илъэс 25-рэ щрикъум ирихьлІэу адыгэкэр зэуІуу щыпсэу щІыпІэхэм концертхэр щыттыну мурад тщІащ, - къыддогущІэ Саниям. - Мейкъуапэ щыІа концертпечкэр зыпльэгъуаехэм ягу ирихьауэ жаІэ, абы кьыхІэлъыкІуэу Къэбэрдей-Балъкъэрым дыкъэкІуащ. Ипэкіэ тта концертхэм къащъэщыкІыну иджыпрейм илъэс 25-м къриубыдэу дгъэзэщІа уэрэдыжь, гъыбзэ нэхъыфІхэр, зэманым зи Іэфыр щІимыхуаэ щІыхуэр яфІэфІу зэдаІуэхэр щыжьитІэнуц, апхуэдэуи уэрэдыщІэхэмкІи дгъэгуфІэну ди мурадщ ди творчествэр зигу дыхьэ псори. Иджыпрейр сюжетнэу, зы гупсысэ къыхэщу зэхэдгъэуващ. Мы гъэм и жэпуэгъуэ мазэм къызэщІэзыкъуэж концерт ин Москва щыттыну тедухуащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым иужькІэ Къэрэшей-Шэрджэсымкіэ дыунэтІыну ди гугъэщ, кьыдэхъыпІэмэ, хамэ къэралхэмэ дальэІэсыну ди хъуэпсапІэщ.

Ансамблыр къызэрызэрагъэпэщ-рэ сыхэтщи, иджы хуэдэ концерт ттауэ къыслуэщІэжыркъым. Ар цІыху нэхъыбэм едгъэлъагъуну дыхуейт. Илъэс 25-м къэткІуа гъэзэгуанэр цІыхум я нэгу щІэдгъэкІыным къыщымынэу, ансамблыр ипэкІэ зэрыкІуатэр, и зэфІэкІ зэрыхигъахъэр едгъэльагъун мурад диІати, кьыдэхъылІауэ собж. Къытхуэтхэри, фІыщІэ ящІу къэпсалъэри куэдц, абы хуабжьу дегъэгушхуэ, узыхуэлажьэм узэхащІыкІын нэхъ насып сыт щыІэ?!

- Ансамблым ухыхьа зэрыхъуам и гугъу къытхуэщІамэ арат.

- Ансамблыр кьыщызэрагъэпэщым Адыгэ Республикэм щыщу вокальнэ кьудамэм щІэсхэр зэхуашэсыжырти, сэри кьызэдждж. Краснодар дэт Щэнхабзэмкіэ институтыр кьыщызых гъэрат ар. Практикэм сыкъэкІуэжри мазитхукіэ гупым сахэтащ. Гъатхэпэм и 16-м ансамблым и япэ концертыр щигъэлъэгъуам еджапІэм сыкъикІыжри, сыхэтауэ щытащ. ЕтІуанэ концертыр гъатхэпэм и 24-м «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым и гъусэу ттащ.

А зэманым ансамблым уэрэджыІакІуэу хэтар тху кьудейщ. Иджы, Тхьэм и фІыщІэкІэ, цІыху пщыкІутху дохъу. Хуабжьу сыщогуфІыкІ ныбжьыщІэхэр кьытхыхьэну хуейуэ кьызэрыдэкІуаІэр. Дунейр чэзущ, дэри ансамблым дыщыхэкІыжын хуей зэман кьызэрынщ. Ныбжьыщ1эхэрац ансамблыр зыгъэпсэунур. Абы хэтыну хуейр хьыджэбзхэм я закъуэкъым, щІалэхэми апхуэдэ жэрдэм дахэ ящІ. Ипэкіэ щІалитІ фІэкІ кьытхэмытамэ, иджы ахэри тху хъуащ.

- Илъэс 25-рэ фыщрикъум къефхьэжьа Іуэху дахэм кьищыкІэмышщІауэ, нэгъуэщІ мурад, проект гъэщІэгъуэн фиІэ?

- Проектхэр ди бзщ. «Кабардинка»-м и гъусэу концерт зэрыттам ещхьу, шоу-программэхэр сюжетнэу тщІыну дыхуейт, ауэ абы тедгъэкІуэдэн мыльку дызэримыІэм дельаъхэ. «Ислъэмейр» дэнэ къэралри утемыукІытыхьу щыбгъэльагъуэ хъуну ансамблхэм ящыщщ. Ар сэ абы сызэрыхэтым щхьэкІэ жысІэркъым. Зы адыгэ щІэмысу хамэ къэралхэм зыкъыщыщыщдгъэльэгъуа къыгъхиухуащ. Польшэм ди диск яшэри ирагъэпльати, ягу ирихьри, драгъэблэгъауэ щытащ. Уеблэмэ, лыхьхэм кьыщыдблэкІкІэ, дзапэ уэрэду адыгэ макъамэ кьрашу кьэнат. ЕтІуанэу, илъэсищ дэкІауэ, тедгъэзэжати, итІани ди щІэхэр щІэжырт. ГъэщІэгъэныр пщІэрэ, «Адыгэбзэкіэ сценэм фыщыпсалъэ», - жаІэурэ кьыдэлъэІурт ахэр. «Кьывгурыуэну?» - дгъэщІагъуэу деупщІжмэ: «Дыхуейкъым дэ ар кьыздгурыІуэну, бзэм и дахагъымрэ и Іуэкіэмрэ зэхэдывгъэх закъуэ», - кьыжджаІэжырт. Абы уимыгъэгушхуэнкіэ Іэмал иІэтэкъым. Дезыгъэблэгъахэм пенсэм тІысыжьыху симфоние оркестрым щыпсэжьауэ, хэгъуэгу вокальнэ кьудамэм щІэсхэр зэхуашэсыжырти, сэри кьызэдждж. Краснодар дэт Щэнхабзэмкіэ институтыр кьыщызых гъэрат ар. Практикэм сыкъэкІуэжри мазитхукіэ гупым сахэтащ. Гъатхэпэм и 16-м ансамблым и япэ концертыр щигъэлъэгъуам еджапІэм сыкъикІыжри, сыхэтауэ щытащ. ЕтІуанэ концертыр гъатхэпэм и 24-м «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым и гъусэу ттащ.

● Ди псэлъэгъуэр

А зэманым ансамблым уэрэджыІакІуэу хэтар тху кьудейщ. Иджы, Тхьэм и фІыщІэкІэ, цІыху пщыкІутху дохъу. Хуабжьу сыщогуфІыкІ ныбжьыщІэхэр кьытхыхьэну хуейуэ кьызэрыдэкІуаІэр. Дунейр чэзущ, дэри ансамблым дыщыхэкІыжын хуей зэман кьызэрынщ. НыбжьыщІэхэрац ансамблыр зыгъэпсэунур. Абы хэтыну хуейр хьыджэбзхэм я закъуэкъым, щІалэхэми апхуэдэ жэрдэм дахэ ящІ. Ипэкіэ щІалитІ фІэкІ кьытхэмытамэ, иджы ахэри тху хъуащ.

- Илъэс 25-рэ фыщрикъум къефхьэжьа Іуэху дахэм кьищыкІэмышщІауэ, нэгъуэщІ мурад, проект гъэщІэгъуэн фиІэ?

- Проектхэр ди бзщ. «Кабардинка»-м и гъусэу концерт зэрыттам ещхьу, шоу-программэхэр сюжетнэу тщІыну дыхуейт, ауэ абы тедгъэкІуэдэн мыльку дызэримыІэм дельаъхэ. «Ислъэмейр» дэнэ къэралри утемыукІытыхьу щыбгъэльагъуэ хъуну ансамблхэм ящыщщ. Ар сэ абы сызэрыхэтым щхьэкІэ жысІэркъым. Зы адыгэ щІэмысу хамэ къэралхэм зыкъыщыщыщдгъэльэгъуа къыгъхиухуащ. Польшэм ди диск яшэри ирагъэпльати, ягу ирихьри, драгъэблэгъауэ щытащ. Уеблэмэ, лыхьхэм кьыщыдблэкІкІэ, дзапэ уэрэду адыгэ макъамэ кьрашу кьэнат. ЕтІуанэу, илъэсищ дэкІауэ, тедгъэзэжати, итІани ди щІэхэр щІэжырт. ГъэщІэгъэныр пщІэрэ, «Адыгэбзэкіэ сценэм фыщыпсалъэ», - жаІэурэ кьыдэлъэІурт ахэр. «Кьывгурыуэну?» - дгъэщІагъуэу деупщІжмэ: «Дыхуейкъым дэ ар кьыздгурыІуэну, бзэм и дахагъымрэ и Іуэкіэмрэ зэхэдывгъэх закъуэ», - кьыжджаІэжырт. Абы уимыгъэгушхуэнкіэ Іэмал иІэтэкъым. Дезыгъэблэгъахэм пенсэм тІысыжьыху симфоние оркестрым щыпсэжьауэ, хэгъуэгу куэдым зи пщІэр щыІагъэ, скрипкэ Іэмэпсымэм Іэзэу еуэ музыкант цІэрыІуэ яхэтт. «Ислъэмейм» и пшынэ гъабзэрэбзэкІэм хуэдэ зэи срихьэлІакъым», - кьытхужиІауэ щытащ абы. Ар ди дежкІэ пщІэ льагъащ. Ди жагъуэ зэрыхунщи, мыльку зыщІ хьэрычэтыщІэ щІалэхэм адыгэ Іуэхум я ахъшэ хальхьэну хуейкъым. Хэзыльхьэну хуейхэм якъуэлъ щыІэкъым. А ахъшэр бэгъуэгуэ кьаэзрыхэхъуэжьнур, а Іуэхуми бизнес ирипщІ зэрыхъунур абыхэм кьагурыдгъэІуэфыркъым.

- ЗэрыжьыпІащи, щІыпІэ куэдым ансамблым зыкъыщигъэльэгъуащ, уэ нэхъ уигу кьинэжауэ дэнэ фыщыІа?

- Псом нэхъыбэрэ Тыркум дыщыІащ, апхуэдэу Израильм, Иорданием, Инджылызым, Польшэм, Италием, Аныджым, нэгъуэщІхэми дыщыхьэщІащ. Аныджым дызэщыІа Родос хьтІыгум и Іэтащхьэм зыкъытщимыгъэнщІу дыкъэкІуэжауэ щытащ. Аныджхэм я щэнхабзэр хуабжьу фІыуэ ятьагъу, пщІэхуащІ. Езым я бзэкІэ кьищынэмыщІа, хамэ къэралыбзэкІэ уэрэд кьыщІеуэу зы машини дэттэкъыми, сехъуапсэрт. Абыхэм я трактирхэм уэрэд едэІуэн, зэгъэпсэхуэн щхьэкІэ цІыхухэр уэру пщыхьэшхьэ кьэс щызэхуос. УэрэджыІакІуэхэм уэрэдыр кьыхадзэрти пэшым щІэсу хъуар дежьут, абы укІэлъыпІыныр зыкІэ хъуэпсэгъуэти, абы и Іуэхукіэ щапхъэ ятепхыну уасэ иІэтэкъым. Апхуэдэ лъэпкъым дэ дафІэгъэщІэгъуэну дыщдгъэблагъэм, хуабжьу дигу хагъэхъуащ. Кьалэм и унафэщІым и шхапІэм пщыхьэщхьэ кьэс дыщигъэхьэщІэрти, лъэпкъым и тхыдэм, и хабзэм, и хъыбарыжьхэм кьыщІэупщІэу, зэхихыр игъэщІагъуэу кьыдбгъдэст. Ди концерт тыгъуэр кьыщысым, тІысырти, сабыру кьыдэплъырт. Адыгэлъ щІэмыту апхуэдизу адыгэ макъамэр зыхэзыщІэ зэрыслъагъуэ сщІэжыркъым. Апхуэдэ кьалэхэм концерт щхьэхуэ щыптыну уасэ иІэкъым.

Набережные Челны щыщ тэтэр щІалэ ди щІыпІэм кьэкІуауэ «Ислъэмейм» и концертым зэ еплъати, кІуэжри дригъэблэгъауэ щытащ. Япэщыкіэ билетыр залымыгъэкІи и цІыхугъэхэм ярищэри, кьиргъэкІуащ. Концертыр зэфІэкІа ижьщ щІалэм фІыщІэ мыуэхэр кьыхуащІауэ кьытхуиІуэтэжат. ЕтІуанэу тедгъэзэжа иужь, пэшым щІэхуэр кьызэхуэсат, иджы езым я фІэфІыныгъэкІэ.

- «Кабардинка» ансамблым фэзэрыдэлажьэм и гугъу къытхуэщІыт.

- «Кабардинка»-мрэ дэрэ зэгъусэу концертхэр дот, зыр адрейм дыдэІэпыкъужу дыкъызэздокІуэкІ. Налшык щытта концертымкІи зыкъытщІагъэкъуащ.

- ЩІыкІэкІи плъыфэкІи фэкІупсу утыкум фызэрит фащэхэр фхуэзыдыр, абыхэм я щыкІэр кьызэрызгувгупсыщ сфІэгъэщІэгъэнщ.

- Адыгэ фащэхэр зыд ателье хэхам ди щыгъынхэр щыхуагъэхьэзыр. Пэжщ, щІэ гуэрхэр хэттъхьэну яужь дитщ, ауэ адыгэ фащэм и щыкІэм дызэрызхэмыІэбэным, абы и кьупхъэр кьызэрызэзтедэнэным дыхущІокъу.

- Илъэс бжыгъэ дахэ ирикъу ансамблым и уэрэдыщІэхэмкІэ иджыри куэдрэ лъэпкъыр игъэгуфІэу, и ехъулІэныгъэмрэ и пщІэмрэ хэхъуэ зэпыту екІуэкІыну ди гуапэщ.

Епсэлъар
ЩОМАХУЭ Залинэщ.

● ЩІЭ

Бжьыхьэлі Заур адыгэ фащэм и щІыхьыр еІэт

Зи пІэм имыуджыхьу зэпымыууэ зыужьыныгъэм хущІэкъу, щІэм зезыпщыт, щылажьэ унэтІыныгъэм хэлъхьэныгъэфІхэр хуэзыщІ, республикэм и цІэр щІыпІэ жьыжьэхэм фІыкІэ щызыгъэІу щІалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ ди лащІэкъым. Апхуэдэщ ди тхыгъэр зытеухуа дизайнер щІалэ Бжьыхьэлі Заури.

ФИГУ къэдгъэкІыжынщи, Бжьыхьэлі зэкъуэшхэм - Зауррэ Замиррэ - 2012 гъэм кьыхалъхьауэ щыта KAVKAZVISION SONG CONTEST уэрэджыІакІуэхэм я дунейпсо музыкэ проектыр республикэ 18-м я бюджетым хагъэхьащ. Зэпеуэм хэтащ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм и хэгъэгуэхэм, Краснодар крайм, Адыгэ, Осетие Ипщэ, Абхьаз республикэхэм, Москва кьалэм щыщ щІалэгъуалэр.

ЗэрытщІэщи, адыгэхэр ижь-ижьыж льандэрэ дыкъоГъуэгурыкІуэ ди льэпкъ фащэмкІэ нэгъуэщІхэм дыкъыхащІыкъуКІыу, уеблэмэ, абы и дахагъэм адрейхэр итхьэкъуу. Абдежми кьыщымынэу, ди фащэр языныкъуэ льэпкъхэм кьащтэпащ. Пэжщ, тхыдэм урипльэжмэ, льэпкъым фащэр ІэщІыб ищІу зэман-зэманкІэрэ кьыщекІуэкІаи кьэхъуащ. Ауэ, иджы абы и пщІэмрэ и щІыхьымрэ зэригъэтъыжыр ди нэгу щІокІ, псом хуэмыдэу иужьрей илъэсхэм нэхъыжьхэми щІалэгъуалэми я гупэр фащэм зэрыхуагъэзэжьым гу лъыботэ. Ди льэпкъ фащэр адыгэм зетхьэжьныр щІыхь зыпылъ Іуэхущ, щІалэгъуалэм ар зэрызыщІатІэгъэжар, абы и жьауэр зэрагъэувар, ар гъэ кьэс дгъэльапІэ зэрыхъуар гуапэщ.

Махуэ кьэс ди фэиплъхьэгъуэ хъуар Урысейм рэ хамэ къэралхэмрэ кьраш щыгъынхэрщ. Ильэс зыбжанэкІэ Германием щыпсэуну кьызыхуихуа Заур а щІынальэм исхэм папщІэ хьэпшыпхэр щигъэхьэзырым я зыхуэпэкІэм кІэлъыплъыну и кьалэнт. Абы щыгъуэм Бжьыхьэлім хьэжьыу пхыкІат а щІыпІэм щыпсэухэр дахагъэм зэрыпэжжьэр. Адыгэхэр нэгъуэщІхэм дыкъыІэзэрыхацІыкуКІ зыхуэпэкІэ диІэныгъ лъэпкъ фащэм и нэщэнхэр зыдэплъагъу, хьэзырхэр кьыщыгъэсэбэпа, ди тхьипхъэхэмрэ дамыгъэхэмкІэ гъэдэха щыгъын гурыхьхэм елэжьыным ар хуэзыгъэувар.

Бжьыхьэлім кьалэн зыщищІыжащ и льэпкъэгъуэхэм я зыхуэпэкІэм хэлъ дахагъэр ипэкІэ игъэкІуэтэну, абы нэхъри зригъэужьыну. Щыгъын хьэзырхэр кьещтэри, ахэр игъэдахэ къудей мыхъуу икІи «кьегъэпсалъэ», ди льэпкъ тхыдэм ухигъэгуазэу кьегъэщІэрэщІэжри. Ар куэд и уасэщ, зыгуэр «кьыбжезыІэ» щыгъынхэр иджыпсту зэрыгъэтыгъуейр кьэплъытэмэ.

Адыгэм и щхьэм кьрикІуа льэпкъгъэкІуэдым теуха щыгъынхэр Заур куэду игъэхьэзыращ, щыгъуэщІэж махуэм ирихьэлІэу. Апхуэдэ фэилъхьэгъуэхэм лъабжьэ яхуищІащ адыгэхэм ди вагъуэ пщыкІутІыр, шабзэхэр, 1864 гъэ, накъыгъэм и 21 бжыгъэхэр, адыгэ фащэ зыщыгъ, Іэщхэр зыпщІэхэлъ дзэзешэ щІэрыІуэхэм, лІыхьхьэхэм я суэтхэр е а зауэр уигу кьэзыгъэкІыж Іуэхугъуэ гуэркэм ятеуха хъуэхэр. «Гъащэ», «шы кьарэ», нэгъуэщІ шэрджэс псалъэхэр е псалъэуха хъу тхыгъэхэр урысыбзэкІи инджылызыбзэкІи дыщэ Іуданэкіэ щыгъынхэм тритхэурэ хедыкІ, хьэрфхэр зэхэщІыкІыгъуэу икІи кьеджэгъуафІэу. КІэщІу жыпІэмэ, и лэжьыгъэхэм шэрджэсхэм ятеухуа куэд хвхуанэ. КьыщынэмыщІауэ, игъэхьэзыращ «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблыр утыку зэрытыну фэилъхьэгъуэхэр, бэылъхугъэхэм я сумкэхэр. И Іэдакъэ кьыщІэкІа щыгъынхэмрэ хьэпшыпхэмрэ я уасэр зэлъытар щэкІыи и фІагъращ.

- Зым и дежкІи щэхуэкъым иджырей ди фэилъхьэгъуэхэм дызэрыадыгэм и нэщэнэ гуэри зэрахуумыльагъуэр. Адыгэхэм кьаухуэгупсысырт ахэр Іэпкъльэпкъым дахэу екІуу икІи зехьэгъуафІэу. Иджыри апхуэдэ зэфІэкІ дызэриІэр си фІэщ мэхъу. Мы лэжьыгъэм зыщІеспщытари а Іуэхум зэхъуэкІыныгъэ хэслъхьэныщ, хамэ лъэпкъхэм щыщ дизайнерхэмрэ дэрбэзрэмрэ ди зыхуэпэкІэм теухуауэ кьытхуагъэльагъуэ, кьытхуагъэув мардэхэм дыкъытекІым си кьару есхьэлІэныщ. Япэрей ди фащэ дыдэхэр мыхъуми, абыхэм я кІапэлъапэхэр зыхэлъ, махуэ кьэс щыптІагъэ хъун хуэдэу иджырей щыгъынхэр согъэхьэзыр, ди льэпкъ дамыгъэхэмрэ тхыпхъэхэмкІэ согъэдахэ. КьыхэзгъэщІну сыхуейт си лэжьагъу Балъкъэр Асльэн къесхьэжьэ жэрдэмхэр кьыззэрыдиІыгыр, дызэчэнджэщурэ, ди Іуэхуэхэр зэрыдгъэкІуатэр, - жеІэ Заур.

Бжьыхьэлім и льэпкъым хуиІэ льэгъуныгъэм и мызакъуэу, и гум и хуабагъэм, и псэм и кьабзагъэм щыщ и лэжьыгъэхэм хелъхьэ. Аращ ахэр кьыщІежьулІэм и щэхурэ. И псэм фІэфІу зи ужь ихьа мы лэжьыгъэм ар хуабжьу дихьэхауэ, адыгэхэм кьадэкІуэу нэгъуэщІ льэпкъхэм я деж щІэупщІэ щызиІэ апхуэдэ фэилъхьэгъуэхэми йолэжь. Кьеэхъуэмэ, и Іэдакъэ кьыщІэкІа щыгъынхэр зыщІэлъ тыкуэнхэр кьызэІуихыну и мурадщ.

Зыщыщ льэпкъым и нэщэнэ гуэр зыхэлъ фэилъхьэгъуэхэр зезыхьэхэм ящІ абы гупсэхугъуэрэ дэрэжэгъуэу кьаритыр кьызэрыІуэтэгъуэйр. Аращи, Бжьыхьэлі Заур и Іэжьыгъэхэм щІэупщІэ зэрагъэнум щэч кьытетхьэркъым.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

● Футбол

Алим и фэеплъ зэпеуэ

Кышпэк къуажэм и курыт школым и топджэгупІэм щекІуэкІащ 2013 гъэм машинэ зэжьхэхэуэм хэкІуэда Балъкъэр Алим и фэеплъ зэхьэзэхуэ.

ФУТБОЛ цІыкІумкІэ зэпеуэр егъэкІуэкІыныр зи жэрдэмыр Алим и классэгъуэхэрт. А Іуэхур абыхэм ящІыгъащ физкультурэмкІэ егъэджакІуэ Бырсекъуэ Анзор. Зэхьэзэхуэм хэтащ 1992, 1996, 1998, 2000, 2001 гъэхэм школыр кьэзыухахэр.

Зэпеуэм еплъыну кьэкІуат Алим и щхьэгъусэ Заирэ, я къуэ цІыкІуэху Андемыррэ Дамиррэ дэщІыгъуу.

Зэпеуэ гуащІэм щытекІуащ 1992 гъэм школыр кьэзыухахэр. ЕтІуанэ уеблэр яубыдащ 2001 гъэм еджапІэм кьыщІэкІахэм я гупым, Алим и классэгъуэхэр (2000 гъэ) ещанэ хъуащ.

Кьыхэжаныкіахэм ираташ кубокхэр, медалхэр, щІыхь тхьипхъэр. ЗэфІэкІ зэралэр кьагъэлъэгъуащ Тхьэкъуэхъуэ Ибрэхьим, гъуащхьэхъумэ Балъкъэр Мухьэмэд, топибл дзэзыгъэкІа гъащІэхьауэ Абазэхэ Албэч. Футболист нэхъыфІу кьалъытащ Гъэщхьэу Эдуард.

Фэеплъ медалхэр ираташ щІалэ цІыкІуитІми - Андемыррэ Дамиррэ. Балъкъэр Алим и унагъуэм фІыщІэ яхуищІащ зэпеуэр кьызэзыгъэпэщащэм, абы хэтахэм.

УЭРДОКЪУЭ Азэмэт.

● Хъуэхъу

Тэрч къалэм щыпсэу Гуо Розэ Аскэрхан и пхъур илъэс 75-рэ ирикъуащи, дохъуэхъу

ФІыуэ тлъагъу анэ гумащІэм, нанэм я нэхъ Іэфым уи мазэушхуэмкІэ дынохъуэхъу. Уи псэм и нэхур кьыстхэпсэу, уи узышнагъэр быдэу, уи гукъыдэжьым хэхъуэу, уи быным, кьуэрылъхупхъурылъхуэхэм, абыхэм я щІэблэм я ехъулІэныгъэм уригушхуэу кьуэдрэ утхуэпсэуну, гъащІэм гу щыпхуэну Тхьэм жиІэ!

Уипхъуэху Ксеня, Аллэ, Ольгэ, уи къуэ Виталий, къуэрылъху-пхъурылъхуэху Тимур, Артур, Маринэ, Жаннэ, Ленэ, Іэминэ сымэ, абыхэм ятепщІыкІыжа цІыкІуэхэр.

ЩІэблэр гъащІэ узыншэм къыхураджэ

«Трезвая Россия» федеральнэ проектыр 2012 гъэ лъандэрэ мэлажьэ. Абы и къалэныр фадэмрэ наркотикымрэ пэІэщІэ узыщІ зэгурыкІныгъэ къызэрэпэщыныщ, щІэблэр гъащІэ узыншэм и телъхьэу къэгъэтэджыныщ. Зэгухьэныгъэм и телъхьэщ Урысейм и хэгъуэгу 63-м щыпсэу цІыху мин 30-м щІигъу. Проектым хэтщ фадэ хэту акъылыр зыигъэутхъуэжэр зыгъэхьэрэмэуэ УФ-м и хэгъуэгу 44-рэ.

МЭКЪУАУЭГЪУЭМ и 27-м, Урысейм и ЩІалэгъуалэм я махуэм, УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэт Хамзаев СулътІан КъБКъУ-м и студентхэм «Трезвая Россия» проектым яхутепсэлъыхьащ. НыбжьыщІэхэр зрагъэпІьа видеонэтыныр фадэмрэ наркотикымрэ кьашэ зэранытэхэмрэ абы цІыхур зэригъэкІуэдымрэ теухуат. Хамзаевым кьызэрыхигъэщамкІэ, абыхэм ди щІалэгъуалэр зэрауІэпІым уеплъу ущысынкІэ Іэмал иІэкъым. Жылагъуэм и льэр щІэзыуд фадэмрэ наркотикымрэ ди къэралым ерыщу щыпэщІэтщ. Хамзаев СулътІан ныбжьыщІэхэм я зэманыр пщІэншэу ямыгъэкІуэну кьыхуриджэри, зи гугъу ящІ проектым хэтыну гукъыдэж зиІэ псоми сытым джеи епсэлъэну зэрыхьэзырыр дыщІигъужащ.

А Іуэхум гуу-лыуэ хэзиІэ дэтхэнэми и телефоным «Трезвая Россия» гъэдэкІыр тригъатхэу хабзэкъутэ Іуэху ирихьлІэм сурэт е видео трихыу яхуригъэхь хъунущ. Хамзаевым зэрыжиІамкІэ, абыхэм кьыхуагъэхь тхыгъэхэм ящыщу зыри гулъытэншэ ящІыркъым, хабзэм кьемызэгъ зылэжьа дэтхэнэми тезыр ипшынчущ. Іуэхум хьыхьэну гукъыдэж зиІэхэм Іэмал имыІэу ягъэзэщІэн хуейщ: «ГъащІэ узыншэм ущытепсэлъыхькІэ, уэри абы утетыпхъэщ» хабзэр.

АДЖИЙ Заринэ,
КъБКъУ-м и пресс-Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэ.



Ди газетым и къыкІэлъыкІуэ номерыр къыщыдэкІынур бадзэуэгъуэм и 7-рщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ - жэуап зыхь секретарь), Жылаэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Щирдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Къардэн Маритэ, Нэщ1эпыдж Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Иэз.

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэтэ Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэрэ зытхахэм нэсу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху ептыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхьым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэтыц КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр І994 гъэм мэкъуэгуэгъуэм и 14-м Печатым и хунтыныгъэр хъуэмэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДышэкІ Соня,** *редактору* **Жылаэ Заурбэч,** *корректорхэру* **Афэ Тамарэ** *(1, 2-нэ нап.),* **ПхытІыкІ Аэзмэт** *(3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дзІэныкъуэгъу* **Науэжьокъуэ Заирэ,** *Компьютерк1э газетым и теплъэр ящІащ* **Доп Маринэ, Ныр Сандэ, Щомахуэ Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бецто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.538 ● Заказ №944